ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№68 (24.974) • 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 6, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

● XXIX Дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм

# Къэрал зыужьыныгъэм и шэсыпIэхэр



УФ-м и Президентым щэнхабзэр егъэфIэкIуэнымкIэ и фондым и унафэщI нэхъыщхьэ Карманов Романрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ.

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтщ Урысейм и «ищхъэрэ къалащхьэ» Санкт-Петербург мы махуэхэм щекIуэкI XXIX Дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм (ПМЭФ). Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэу икIи нэхъ ину къалъытэ зэхыхьэхэм ящыщщ ар икIи илъэс къэс абы зэхуешэс дунейм и щIыпIэ куэдым къикIа хьэрычэтыщIэ минипщI бжыгъэхэр.**

**«Фейдэ къызыпэкIуэну зэпсэлъэныгъэхэр зэIузэпэщ псэукIэм и шэсыпIэщ» - аращ фIащар мыгъэрей зэIущIэм. МахуиплIым къриубыдэу сессиерэ зэпсэлъэныгъэу 100-м щIигъу зэхашэну яубзыхуащ, пленарнэ зэхуэсым къэралхэм я унафэщIхэр кърихьэлIэу, лъэныкъуитI зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу.**

**Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм яхэтщ МСП-м, «Хущхъуэ шынагъуэншагъэр», ШОС-м, БРИКС-м, щIэныпхъэ индустриехэм я форумхэр, «КъэкIуэнум и махуэ» щIалэгъуалэ зэхуэсхэри.**

**«Къэрал куэдым я экономикэхэр гугъуехьышхуэхэм щыхэт, апхуэдэу щыщыткIэ, щIыналъэхэми ахэр къащылъэIэс мы зэманым укъэзымыгъэпцIэжын, пэжагъым тет, я зэхуэдэ Iуэхум фейдэ къыхэхыным хуэлажьэ дарэгъухэм зэи хуэмыдэжу иджыпсту хуэныкъуэщ псори», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.**

**Зэхуэсым и япэ махуэм абы апхуэдэуи жиIащ нэгъуэщI хэкухэм хуаIэ пыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, инвестицэхэр къыхегъэлъхьэным, щIыналъэм и экономикэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхуэщхьэпэну проектхэр гъэзэщIэным хуэунэтIа зэIущIэ, зэпсэлъэныгъэ зыбжанэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм ирагъэкIуэкIыну къазэрыпэщылъыр.**

### Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ВТБ-мрэ я зэгурыIуэныгъэ

XXIX Дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм щызэIущIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ ВТБ банкым и президентым – правленэм и унафэщIым и къуэдзэ Бортников Денисрэ. Ахэр зэпсэлъа нэужь Iэ традзащ республикэм и Правительствэмрэ ВТБ банкымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм.

Дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм къыщыпэщыт къалэнхэр гъэзэщIэным, хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ щIэгъэкъуэн яхуэхъуным ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэгъусэу зэрырагъэкIуэкIынур.

Щызэдэлэжьэну унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ мэкъумэшыр, туризмэр, нэгъуэщIхэри. А зэдэлэжьэныгъэм нэхъри игъэлъэщынущ IэнатIэхэм щIыхуэхэр яхухэхыным пыщIа Iуэхухэр, абыхэм къэралым щIыналъэхэм зэрызащIигъакъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр къыщагъэсэбэпхэри яхэту.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ банк технологиещIэхэр хэпщэным, инвестицэ IэнатIэми ди зэхуэдэ сэбэпынагъхэр хэлъщ. Илъэс куэд хъуауэ дызэрызэдэлажьэм къарикIуа IуэхуфIхэм ящыщщ банкым пыщIахэм щIыхуэу къыIахар илъэс кIуам сом меларди 6,1-рэ зэрыхъуар. Си гугъэщ а зэдэлэжьэныгъэр дяпэкIи нэхъри купщIафIэ хъуну», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек, Iэ зытрадза зэгурыIуэныгъэм и гугъу щищIым.

«Дэ ди мурадщ щIыналъэхэм къыщыхалъхьэ жэрдэмхэм нэхъри жыджэру дыхыхьэну икIи банкым и лэжьэкIэщIэхэр абыхэм я зыужьыныгъэм хуэдгъэщхьэпэну. ЩIыналъэхэм илъэс куэд хъуауэ дазэрыдэлажьэм Iэмал къыдитынущ проект нэхъ ехьэжьа дыдэхэр дгъэзэщIэнымкIэ. ЗэфIэдгъэкIынухэм ящыщщ хьэрычэт IэнатIэм - абы къыхыхьагъащIэхэми холдинг инхэми - зыщIэдгъэкъуэнри», - къыхигъэщащ Бортников Денис.

Абдежым и гугъу щащIащ ВТБ-р Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу юридическэ лицорэ хьэрычэтыщIэу мини 2,5-м щIигъум, апхуэдэуи розницэ сатум щылажьэу мин 56-м зэрадэлажьэм. 2026 гъэм и япэ мазищым кърикIуахэм къызэрагъэлъэгъуащи, банкым ди щIыналъэм щIыхуэу щитар сом меларди 9,1-рэ мэхъу.

ВТБ-р хэту республикэм щагъэзащIэ проект инхэм ящыщщ тонн мини 6,5-рэ щIэхуэну Бахъсэн щаухуэ пхъэщхьэмыщхьэ щIэлъхьэпIэр, тонн мини 5,3-м щIигъум тещIыхьауэ Щхьэлыкъуэ щащI хъумапIэр.

### Инженерхэр ягъэхьэзырынущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Бауманым и цIэр зэрихьэу Мэзкуу дэт техникэ къэрал университетым и ректор Гордин Михаилрэ Санкт-Петербург зэIущIэ щрагъэкIуэкIащ. ЛъэныкъуитIым абдежым Iэ щыщIадзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ МГТУ-мрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм.

Абы и фIыгъэкIэ, егъэджэныгъэм епха проектхэр зэфIахыну Iэмал яIэнущ. ЛъэныкъуитIыр акъылэгъу зэдэхъуащ щIэныгъэ зэрыт Iэмалхэр егъэфIэкIуэн, Урысейм технологиехэм я лъэныкъуэкIэ и Iуэху худэгъэкIыжу щытын хуэдэу, IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырын зэрыхуеймкIэ.

ЗэгурыIуэныгъэм зэрыщыгугъхэм хохьэ: лэжьыгъэм хуэщIа щIэныгъэ иратыныр, къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыныр, инженер IэщIагъэр зэзыгъэгъуэт студентхэм папщIэ программэхэр ягъэхьэзырыныр, IэщIагъэлIхэм я Iэзагъым хагъэхъуэныр, зыщагъасэ, я щIэныгъэм щыхагъахъуэ зэхуэсхэр, семинархэр, щIэныгъэ конференцхэр, школакIуэхэмрэ студентхэмрэ IэщIагъэм хуэзыунэтI зэIущIэхэр зэхашэныр.

Университетымрэ республикэмрэ я зэдэлэжьапIэ нэхъыщхьэ ящIынущ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ Адыл-Су къуэладжэм дэт «Жантыгъуэн» еджапIэ-спорт базэр.

Спорт хэщIапIэм и инфраструктурэм хеубыдэ волейбол, баскетбол джэгупIэхэр, гъущI хъурей дзынымкIэ (фрисби) щызэпеуэ губгъуэр, есыпIэ IэрыщIыр, пинг-понг джэгупIэр. Зыгъэпсэхугъуэхэм я чэзум мыбдежым щылэжьэнущ МГТУ-м и студентхэм папщIэ лагерь. Абдеж дыдэм щекIуэкIынущ Узыншагъэр щрагъэфIакIуэ факультетым (ФОФ) щIэсхэм зыщагъасэ зэхуэсхэр. «Жантыгъуэным» 2023 гъэм Бгы дэкIынымкIэ дунейпсо фестиваль щызэхэтауэ щытащ. 2026 гъэм абы щызэхашат Спорт туризмэмрэ бгылъэхэр зэпыупщIынымкIэ урысей чемпионатыр.

«Техникэм епха щIэныгъэ нэхъыщхьэ езыт еджапIэхэм ящыщу Урысейм щыпэрыту къалъытэ университетым дызэрыдэлэжьэнум и фIыгъэкIэ, республикэр зыхуэныкъуэ инженерхэм я бжыгъэм хэхъуэнущ. «Жантыгъуэн» щIалэгъуалэ лагерыр къызэрагъэсэбэпынур егъэджэныгъэр нэхъ щIэщыгъуэ зыщIыну Iэмалыфl дыдэщ, ныбжьыщIэхэм я хэлъэтым зыужьыпIэ ириту. СызэрегупсысымкIэ, ди зэдэлэжьэныгъэм фIы куэд къыдэкIуэнущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

«Дэ ди зэхуэдэ къалэнщ ди еджакIуэхэм акъылкIи, IэпкълъэпкъкIи, щэнхабзэ и лъэныкъуэкIи яхузэфIэкIыну псоми гъуэгу еттыныр. Ди университетыр щIыналъэ щхьэхуэм зэрыдэлажьэм и дамыгъэ хъуащ «Жантыгъуэн» базэр. ЗэдухылIа зэгурыIуэныгъэр зэштегъэупIэ къудей мыхъуу, щIалэгъуалэм папщIэ щIэныгъэ хэщIапIэ хъуну узыщегъэгугъ. Инженер IэщIагъэм ухуэзыгъасэ программэхэр дгъэхьэзырыну ди мурадщ», - жиIащ Гордин Михаил.

КъБР-м и Iэтащхьэм ректорым фIыщIэ хуищIащ жэрдэм къызыкъуихам папщIэ икIи зэгурыIуэныгъэм и фIыгъэкIэ, иджыпсту республикэми къэралми я экономикэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлI щIалэхэми щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтынухэми я дежкIэ щхьэпэ зэрыхъунум шэч къызэрытримыхьэр къыхигъэщащ.

### Мыхьэнэшхуэ зиIэщ

КъБР-м и Правительствэр Физтех школхэм зегъэужьынымкIэ фондымрэ Москва дэт физико-техникэ институтымрэ (лъэпкъ къэхутакIуэ университетым) зэрадэлэжэнум теухуа зэгурыIуэныгъэми Iэ щытрадзащ Санкт-Петербург.

А дэфтэрым Iэ традзащ ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, МФТИ-м и ректор Ливанов Дмитрий, Физтех школхэм зегъэужьынымкIэ фондым и унафэщIым и къуэдзэ Смирновэ Наталье сымэ. ЗэгурыIуэныгъэм и мурад нэхъыщхьэр епхащ республикэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм и инженер-техникэ унэтIыныгъэм адэкIи зегъэужьыным.

*(КIэлъыкIуэр 2-нэ нап.)*



**Гугъуехьхэм къапимыкIуэту псэуа**

4-нэ нап.



**Лъэпкъхэр зэрызэгурыIуэ Iэмал гъуэзэджэ**

9-нэ нап.




11-нэ нап.



**ТекIуэныгъэр къыхуагъэфащэ**

12-нэ нап.



**Зы дакъикъэщ тригъэкIуэдар**

12-нэ нап.

# Къэрал зыужьыныгъэм и шэсыпIэхэр

ПМЭФ-2026





*(КIэухыр.*
*ПэщIэдзэр 1- нэ нап.)*

Абы ехьэлIа лэжьыгъэхэр ди щIыналъэм щаублакIэщ нэгъабэ лъандэрэ. Апхуэдэу Налшык и курыт школитхум къыщызэIуахащ инженер классхэр. «ЩIэныгъэр - щIыналъэхэм» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ яубзыхуа а классхэм нэхъ кууэ щадж физикэр, математикэр, информатикэр.

КъинэмыщIауэ, мэкъумэштехникэ унэтIыныгъэ зиIэ класси 4 къызэIуахащ. Абыхэм щIэс еджакIуи I50-м нэхъ кууэ ядж физикэр, химиер, биологиер, математикэр. Республикэм хыхьэ районхэм дызыхуэкIуэ фокIадэ мазэм иджыри къыщызэIуахынущ апхуэдэ класси I0. Мэкъумэш классхэр ехъулIэныгъэкIэ къэзыуххэм балл бжыгъэ лейуэ хущIагъунущ КъБКъМУ-м щыщIэтIысхьэкIэ.

Физтех школхэм зегъэужьынымкIэ фондымрэ МФТИ-мрэ зэрадэлэжьэнум апхуэдэу IэмалыфI къитынущ егъэджэныгъэм, щIэныгъэм зауЖьынымкIэ. А унэтIыныгъэхэм хуэщIа классхэр курыт школхэм къызэрыщызэIуахым нэмыщI, егъэджакIуэхэми я щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хагъэхъуэнущ, инженер зэпеуэхэри щыIэнущ. Апхуэдэу республикэм и курыт школхэм хуиту къагъэсэбэпыфынущ «Физтех IэнатIэм» иубзыхуа къэрал программэхэу физикэр, математикэр, информатикэр нэхъ кууэ зэраджынухэр. Ахэр хэтыфынущ МФТИ-м еджакIуэхэм папщIэ къызэригъэпэщ олимпиадэхэм, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, проект лэжьыгъэхэм. ЕгъэджакIуэхэми хагъэхъуэфынущ ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ а псори ди Iэдэжу еджакIуэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэм и фIагъым зэрыхэхъуэфынум. Ахэр итIанэ лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьэфынущ къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, щылэжьэфынущ IуэхущIапIэ цIэрыIуэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ ин яхуищIащ зэгурыIуэныгъэ зрищIылIа IэнатIэхэм, ди республикэм къыхуащI гулъытэм папщIэ, абы инженер-техникэ щIэныгъэм нэхъри зыщиужьынымкIэ сэбэп зэрыхъум щхьэкIэ.

## «Урысей» лъэпкъ центрым и къудамэщIэ

КIуэкIуэ Казбек Санкт-Петербург щыхуэзащ «Урысей» лъэпкъ центрым и унафэщI Виртуозовэ Наталье. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ а IуэхущIапIэм и къудамэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIухыным.

Абы и проектыр гъатхэпэ мазэм Москва утыку къыщрахьащ икIи къызэгъэпэщакIуэ гупыр арэзы техъуащ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрыр къегъэлъагъуэ щэнхабзэ, этнографие щIэин хьэлэмэтхэр, щIыуэпс дахагъэрэ гъэтIылъыгъэ къулейрэ зиIэ иджырей щIыналъэ лъэщу.

«Урысей» лъэпкъ центрым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ щIыпIэм щIыналъэ, урысейпсо, дунейпсо мардэм къитIасэ Iуэхугъуэхэр щедгъэкIуэкIынущ. Ар сэбэп хъунущ щIыналъэм щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ зэхъуэжэнымкIэ, цIыхубэ зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэнымкIэ, лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралым и щэнхабзэ щIэин къулейр хъумэнымкIэ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и гупым лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ икIи къудамэм и концепцэм егупсысауэ унафэ тращIыхьащ. Дэ долъагъу Налшык къыщызэIуахыну къудамэр республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ ягу ирихьу зэкIуалIэ центр, творчествэм зыщрагъэужьын, зэпсэлъэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр, зэхыхьэхэр щрагъэкIуэкIын, щIалэгъуалэ жэрдэмхэр щагъэзэщIэн щIыпIэ зэрыхъунур. Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ абы цIыху жыджэрхэр щызэхуэсыным, Лъэпкъ центрым Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэр щекIуэкIыным. Шэч къытесхьэркъым щIыналъэм абы папщIэ Iэмал псори зэриIэм. Проектыр гъэзэщIэнымкIэ дэ сыт щыгъуи дэIэпыкъуэгъу дыхъунущ икIи къудамэм щIэупщIэ иIэн, абы зиужьын папщIэ дэ лэжьыгъэ и пIалъэкIэ дывдэгуэшэну дыхьэзырщ», - жиIащ Виртуозовэ Наталье.

Къудамэм и дамыгъэу щытынущ хъумакIуэ, зэпIэзэрытыныгъэ, пщIэ зыдэблъагъу пелуаным и образыр къэзыгъэлъагъуэ Iуащхьэмахуэ. Центрыр щылэжьэнущ ЗэгурыIуэныгъэм и утыкум пэгъунэгъуу мы зэманым яухуэ унэщIэм.

Ухуэныгъэр метр зэбгъузэнатIэу мин 22-рэ мэхъу. Абы щыщу «Урысей» лъэпкъ центрым и щIыналъэ къудамэм иубыдынущ метр зэбгъузэнатIэу мини 5, экспозицэхэм – 1100-рэ. Ар етIанэгъэ къызэIуахыну я мурадщ.

## ЗэпыщIэныгъэхэр нэхъри ягъэбыдэ



Зэкъуэш Адыгей, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я Iэтащхьэхэри щызэIущIащ мы махуэхэм къэралым и Ищхъэрэ къалащхьэм щызэхэт экономикэ зэхуэсышхуэм икIи социально-экономикэ зыужьыныгъэм ехьэлIа Iуэху куэдым тепсэлъыхьащ.

Нэхъ пасэу зэрызэгурыIуам тету, республикэхэр щызэдолажьэ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ, щIалэгъуалэ политикэм ехьэлIа унэтIыныгъэхэм. Щхьэхуэу къытеувыIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм защIэгъэкъуэнымкIэ къалэнхэм икIи абы и лъэныкъуэкIэ яхузэфIэкIхэми я гугъу ящIащ. А псапащIэ Iуэхухэм республикэхэм щыпсэу псори жыджэру хэтщ. «Урысей зэкъуэт» партым и нэIэ щIэту йокIуэкI а лэжьыгъэхэр, зауэлIхэр зыхуэныкъуэхэр хузэхуахьэсри хурагъашэ, СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ защIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ къэралым къыхилъхьэ Iэмалхэри къагъэсэбэп.

УнафэщIхэр нэхъ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ зэныбжьэгъугъэ зэхущытыкIэхэр, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр, гъэбыдэным. Республикэхэм я лIыкIуэхэр щIэх-щIэхыурэ зэкIэлъокIуэ, жылагъуэ, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, спорт зэхыхьэхэм щызэIуощIэ. Шэч хэмылъу, апхуэдэ IуэхуфIхэм адэкIи пыщэн хуейщ, къыхагъэщащ унафэщIхэм, тхыдэкIэ лъэпкъхэм яку дэлъ зэкъуэшыгъэр, хабзэхэр яхъумэу, проектыщIэхэм зэделэжьу.

## ЗэчиифIэхэр гулъытэншэ ящIыркъым

Санкт-Петербург зэхуэсышхуэм и етIуанэ махуэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ УФ-м и Президентым щэнхабзэр егъэфIэкIуэнымкIэ и фондым и унафэщI нэхъыщхьэ Карманов Роман. ЛъэныкъуитIым зэращIылIащ зэгъусэу зэфIагъэкIынухэм ятеухуа зэгурыIуэныгъэ.

Къапэщылъ лэжьыгъэр нэхъыбэу зэпхауэ щытынур щIэныпхъэхэмкIэ индустрием къыщыхалъхьэ творческэ жэрдэмхэм гъуэгу етынырщ. Абы хеубыдэ лъэпкъхэм къадекIуэкI IэщIагъэхэм зегъэужьыныр, тхыдэ-щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэныр, театрым, музыкэм, сурэтыщI гъуазджэм, эстрадэм, литературэм, кином, телевиденэм, радиом, библиотекэхэмрэ музейхэмрэ ядэIэпыкъуныр.

Грант къахьыну Iэмал яритурэ, творчествэм епха проектхэм щIэгъэкъуэнышхуэ яхуохъу Президентым и фондыр. Иужьрей илъэси 5-м къриубыдэу, абы Къэбэрдей-Балъкъэрым проекти 7-м и мылъкукIэ защIигъэкъуащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ щIэныпхъэхэмкIэ индустрием щалэжьыну псори республикэм и экономикэм зэрыхуэщхьэпэнур, абы къыхэкIыу, а лъэныкъуэм нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ зегъэужьын хуейщ, псом хуэмыдэу, зыгъэпсэхупIэхэмрэ туризмэмрэ епхахэм.

ЗэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, Президентым щэнхабзэм зегъэужьынымкIэ и фондым и къудамэ Налшык къыщызэIуахыну я мурадщ. Ар хэтынущ ЩIалэгъуалэм папщIэ унэм. Абдежым жэрдэм къыхэзылъхьэхэм чэнджэщ къыщратыфынущ икIи къащыдэIэпыкъунущ.

КIуэкIуэ Казбек Карманов Роман фIыщIэ хуищIащ къадэлэжьэну зэрыхьэзырым, республикэм щыщ цIыху зэчиифIэхэм я Iуэхур къазэрыдиIыгъым папщIэ.

## ЕхъулIэныгъэм ухуэзышэхэр

ПМЭФ-м хэту, ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Колесников Максимрэ ЦIыхум акъылкIэ къилэжьа мылъкур хъумэнымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Зубов Юрийрэ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ географие фIэщыгъэхэр къэщтэным къэрал унафэ хэлъхьэнымрэ ахэр нэгъуэщIхэм фIэщыгъэу къащтэну хуитыныгъэ яIэн зэрыхуэмеймрэ. Апхэдэу и гугъу ящIащ щIыналъэм къыщыщIагъэкI продукцэхэм я цIэхэр гъэбыда щыхъу дэфтэрхэр къызыхуэтыншэу зэзыгъэпэщыфын IэщIагъэлIхэр республикэм хуэгъэхьэзырыным.

ЩIыналъэм и пашэм къызэрыхигъэщамкIэ, ди республикэм исхэм яIэщ къагупсысахэм къапэкIуа патент 357-рэ абыхэм щыхьэт техъуэ дэфтэр 935-рэ. АкъылкIэ къалэжьа мылъкур хъумэным хуэунэтIа лъэныкъуищ зэгурыIуэныгъэм Iэ щытрадзащ зэIущIэм. Ар сэбэпышхуэ хъунущ IэщIагъэлIхэм, щIэныгъэлIхэм, цIыху щхьэхуэхэм я гупсысэ къызэрымыкIуэхэу жылагъуэм, къэралым я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэхэр, къэхутэныгъэхэр, гъуазджэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр хъумэнымкIэ. Ахэр лъэпкъым и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

КIуэкIуэ Казбек къулыкъущIэ лъагэхэм фIыщIэ яхуищIащ зэдэлэжьэныгъэм зэрыхуэхьэзырым, зэрыхузэIухам папщIэ. А лэжьыгъэм, шэч хэмылъу, ехъулIэныгъэфIхэр къызэрыпэкIуэнури къыхигъэщащ.

## Сату щIыным теухуахэр

Урысей Экспорт центрым и генеральнэ унафэщI Никишинэ Вероникэ республикэм и Iэтащхьэр щыIущIам и гугъу ящIащ а унэтIыныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иIэ зэфIэкIхэм, абыхэм нэхъри зегъэубгъунымкIэ, ныбжьэгъугъэкIэ зыпыщIа къэралхэм сату ядэщIынымкIэ щыIэ Iэмалхэм.

Центрым дяпэкIи дэлэжьэным теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ традзащ КIуэкIуэ Казбекрэ Никишинэ Вероникэрэ. Абы щыубзыхуащ республикэм къыщыщIагъэкIхэр «Урысейм щащIащ» фIэщыгъэм щIэту сату щIыпIэхэм щыпхыгъэкIынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ***

# Гъуэгу насыпыншагъэхэм хохъуэж



**КъБР-м и Парламентым иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къызэрыщызэгъэпэщамрэ транспорт зэжьэхэуэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэнымкIэ къагъэсэбэп Iэмалхэмрэ.**

ЗЭIУЩIЭР иригъэкIуэкIащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Къуныжь МуIэед**, УФ-м и Президентым и полномоченнэ лIыкIуэм и аппарату КИФЩI-м щыIэм и федеральнэ инспектор **КъуэщIысокъуэ Тимур**, депутатхэр, министерствэхэм я лэжьакIуэхэр.

Егоровэ Татьянэ зэIущIэр къыщызэIуихым къыхигъэщащ иужьрей илъэсхэм республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм щIэх-щIэхыурэ къызэрыщаIэтыр гъуэгу шынагъуэншагъэм епха Iуэхухэмрэ гугъуехьхэмрэ.

- Гъуэгум къыщыхъу насыпыншагъэр зэрыхъукIэ зэрытхуэгъэмащIэм елъытауэ щытынущ цIыхухэм я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, гъуэгум шынагъуэншэу ущызекIуэным и щытыкIэм иджыри уегъэпIейтей. 2025 гъэм гъуэгум къыщыхъу насыпыншагъэхэм хэкIуадэм я бжыгъэр процент 30-м нэблагъэкIэ ехати, абы гугъэфIхэр дигъэщIат. Ауэ 2026 гъэм и япэ мазищым къызэрагъэлъэгъуамкIэ, абы аргуэру процент 70-м нэблагъэкIэ хэхъуэжащ. Мыбдеж куэд елъытащ водителхэм жэуаплыныгъэ яхэлъу машинэр зэрызэрахуэм, хабзэхэр зэрагъэзащIэм, езы гъуэгухэмрэ транспортымрэ я щытыкIэм, шынагъуэ зыпылъ щIыпIэхэм хуэсакъыным, - жиIащ Егоровэм икIи къыхигъэщащ «Гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ Iуэхумрэ «ГъащIэм и инфраструктурэ» жыхуиIэмрэ зэрагъэзащIэм депутатхэр зэрыкIэлъыплъыр. - УФ-м и Президент Путин Владимир къищта унафэмкIэ гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэхэм хэкIуадэхэм я бжыгъэр 2030 гъэм ирихьэлIэу хуэдэ 1,5-кIэ (2023 гъэм елъытауэ), 2036 гъэм - хуэдитIкIэ гъэмэщIэн хуейщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, гъуэгу шынагъуэншагъэр къызэгъэпэ-щыным епха Iуэхухэр федеральнэ, щIыналъэ хабзэхэм зэрыщыщIэгъэбыдар. Ауэ, зэрытщIэщи, хабзэхэр уиIэкIэ зэфIэкIыркъым, нэхъ гугъу дыдэр - ахэр гъэзэщIэнымрэ кIэлъыплъынымрэщ. ЗэIущIэр екIуэкIыным ипэ къихуэу къытIэрагъэхьа тхыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIи, щыщIэныгъэшхуэхэр диIэщи, абыхэм кууу датепсэлъыхьыпхъэщ.

Егоровэ Татьянэ гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэу Iуэхугъуэ зыбжанэ къигъэлъэгъуащ. Абыхэм ящыщщ гъуэгухэм я зэIузэпэщыныгъэр, цIыхухэр къешэкIыныр къызэрызэрагъэпэщыр, водителхэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэр, Iэщхэр гъуэгум къызэрытехьэм гугъуехьхэр къызэришэр, къуэдыхэр къыхэхыныр, сабийхэр фэбжьхэм щыхъумэныр, медицинэ дэIэпыкъуныгъэр егъэфIэкIуэныр, нэгъуэщIхэри. «А Iуэхухэр зэфIэхынымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ щIыналъэ унафэщIхэри жылагъуэри псоми ди зэхуэдэ къалэным зэгъусэу делэжьыным», - дыщIигъуащ Егоровэм.

КъаIэта Iуэхум теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм Гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэнымкIэ и къэрал инспекцэм и унафэщI полицэм и полковник **Бэджыдэ Юрэрэ** республикэм транспортымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ и министрым и къуэдзэ **ТIыгу Индаррэ**.

Бэджыдэм жиIащ гъуэгум транспорт зэжьэхэуэ къыщIэхъу щхьэусыгъуэхэм я нэхъыбэр водителхэм хабзэхэр тэмэму зэрамыгъэзащIэм зэрепхар. «2025 гъэм гъуэгум къыщыхъуа транспорт зэжьэхэуэхэр процент 14,7-кIэ, хэкIуадэхэр процент 28,6-кIэ, фэбжь хэзыхахэр проценти 9,8-кIэ нэхъ мащIэ хъуами, хабзэхэр зэрагъэзащIэм щыщIэныгъэшхуэ иIэщ. ДТП-хэр проценти 4,8-кIэ нэхъ мащIэ хъуауэ гу лъыттами, хэкIуадэм и бжыгъэр зэуэ процент 68,8-кIэ хэхъуащ, - жиIащ къэпсэлъам. - Къэбгъэлъагъуэмэ, 2026 гъэм и япэ мазитхум ди IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм гъуэгу хабзэр къыщызэпауда Iуэхугъуэ мин 740-м щIигъу ятхащ. Псалъэм папщIэ, проценти 9-кIэ нэхъыбэщ чэфу машинэ зезыхуэу къагъэувыIахэм я бжыгъэр (ар цIыху 1134-рэ мэхъу), процент 32-кIэ хэхъуащ дэфтэрхэр ямыIэу е къэрахуэкIыну хуимыту зыхуагъэувауэ машинэм дэсхэр (2763-рэ), процент 13,4-кIэ нэхъыбэщ машинэ къажэм и гъуэгум техьауэ къыщIагъэщахэр (мини 4-м нэблагъэ)».

Хабзэм кIэлъыплъынымкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэщ сурэтрэ видеорэ тезых Iэмэпсымэхэр. Абыхэм я фIыгъэкIэ мазитхум къриубыдэу хабзэншагъэу мин 651-м щIигъу къахутащ. Квадроциклхэм я гугъу щищIым, Бэджыдэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ шынагъуэншагъэм къигъэувхэм емызэгъ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэм къыхэкIыу, Iуащхьэмахуэ районым къыщыхъуа гуауэр, абы хуэгъэзауэ уголовнэ Iуэху къызэраIэтар.

Дызэрыт илъэсым щIышылэм къыщыщIэдзауэ накъыгъэ пщIондэ республикэм и гъуэгухэм къыщыхъуа насыпыншагъэхэм цIыху 33-рэ хэкIуэдащ. ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщамкIэ, гъуэгу-транспорт зэжьэхэуэхэр къэзызыгъэхъуахэм я нэхъыбэм машинэм дэсыну яIэ хуитыныгъэхэр гъунэгъу республикэм къыщыдахащ. Абы къыхэкIыу къыхалъхьащ машинэ къэрахуэкIыну хуитыныгъэ къезыт тхылъхэр япэу къыдэзыххэм е фадэмрэ афиянымрэ я зэранкIэ апхуэдэ дэфтэрхэр къызытрахахэм щIэрыщIэу ар щызэрагъэпэщыжкIэ, экзаменхэр езыхэр щыпсэу щIыпIэм къыщыIахыу зэрыщIыпхъэр. КъищынэмыщIауэ, машинэ щхьэгъубжэхэм упхымыплъу зыщIхэм ирагъэхь жэуапыр ягъэткIииныр яфIэкъабылщ. Илъэсыр зэрыщIидзэрэ, гъуэгу хабзэхэр къызэрызэпаудам теухуауэ сом мелуан 500-м щIигъу къуэдыуэ хуатхащ, къыхахыжар сом мелуан 433-рэ мэхъу (процент 87,6-рэ).

Бэджыдэ Юрэ щхьэхуэу тепсэлъыхьащ нэгъуэщI зы гугъуехьми - ар ягъэхъу Iэщыр гъуэгум къызэрытехьэрщ. «Апхуэдэ гугъуехьым мы зэманым нэхъыбэу дыщрохьэлIэ Шэджэм, Шэрэдж, Бахъсэн щIыналъэхэм. Абы и хэкIыпIэр Iуэхэр къызэгъэпэщынымрэ току зрикIуэ кIапсэхэр гъуэгу Iуфэм щышэщIынымрэщ», - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

ТIыгу Индар къыщыпсалъэм къызэщIикъуэжащ 2019 гъэм щыщIэдзауэ министерствэм республикэм и автомобиль гъуэгухэр зэгъэпэщыжынымкIэ хузэфIэкIар. «2019 - 2025 гъэхэм къриубыдэу щIыналъэ, щIыпIэ гъуэгуу километр 1200-м щIигъу зыхуей хуэдгъэзащ, мы илъэсым иджыри километри 153-рэ зэдгъэпэщыжынущ. Километр 400 уэздыгъэкIэ къызэдгъэпэщащ. Апхуэдэуи «Республикэ шынагъуэншэ» АПК-м зегъэужьыным пыдощэ. Накъыгъэ мазэм зэдгъэпэщащ гъуэгум сурэтрэ видеорэ тезых Iэмэпсымэу иджыри 12. Гъуэгум хабзэр щызекIуэн щхьэкIэ, ар къызэпызудам тезыр телъхьэным къыщымынэу, жылагъуэр зэпымыууэ щыгъэгъуэзэн хуейщ ДТП-м и Iэужьыр зыхуэдэм, жэуаплыныгъэ зэрахьым. Водителхэр щрагъаджэ школхэм щIэныгъэ зэрыратым хегъэгъэхъуэн хуейщ», - жиIащ абы.

ЗэIущIэм хэтахэм къыхагъэщащ курыт еджапIэхэр яухуа нэужь, абы екIуалIэ гъуэгухэр намыщIысауэ, сабийхэр шынагъуэншэу зэрыкIуэнур къамылъытауэ къызэрыщIэкIми гу зэрылъытапхъэр.

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ **Жуков Денис** жиIащ гъуэгу-транспорт зэжьэхэуэ къэзыгъэхъухэм машинэ къехуэкIын щIэзыдзагъащIэхэр куэду зэрахэтыр. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, гъуэгуфI хъуахэм псынщIэу къыщажыхьыну хуейхэри зэрымымащIэр. «2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу, машинэ къехуэкIын щIэзыдзагъащIэхэр хэту гъуэгум къыщыхъуа насыпыншагъэ 22-м цIыхуитI хэкIуэдащ, 36-м фэбжь хахащ. Водитель 15-м я дэфтэрхэр Шэшэн Республикэм къыщыдахат. 2026 гъэм и мазитхум машинэ къехуэкIын щIэзыдзагъащIэхэм я зэранкIэ къэхъуа насыпыншагъэу 10-м зы цIыху хэкIуэдащ, 12-м фэбжь хахащ. Абы къыхэкIыу дэфтэрхэр къызэрыдахым теухуауэ хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныр тэмэму къыдолъытэ», - жиIащ къэпсэлъам.

Жуковыр тепсэлъыхьащ машинэхэр Iэщым щыжьэхэуэр куэд зэрыхъуам - 2025 гъэм къэхъуа насыпыншагъэ 572-м щыщу 80-р аращ зи зэрану щытар. Абы щыгъуэми, прокурорым и къуэдзэм зэрыжиIэмкIэ, а Iуэхур зэзыгъэзахуэ мардэ гуэр хабзэм къызэрыщымыгъэлъэгъуар, Iэщыр зейр къэбгъуэту хэщIыныгъэр ебгъэпшыныным теухуауэ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Мысост Екатеринэ** и гугъу ищIащ сабийхэм я шынагъуэншагъэмрэ ахэр гъуэгу хабзэхэм щыгъэгъуэзэнымрэ ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм. Апхуэдэ Iуэхухэм нэгъабэ къызэщIрагъэубыдащ щIалэгъуалэ 12600-рэ.

Шэрэдж районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Уянаев Азрэт** «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъуэгухэр» IуэхущIапIэм лъэIукIэ зыхуигъэзащ Балъкъэр Ипщэм зэрыкIуэ гъуэгум и щIыпIэ щхьэхуэхэм гъущI сэрей щыгъэувыным теухуауэ, бгы щыхупIэм екIуэкI гъуэгум мызэ-мытIэу транспорт зэрехуэхам къыхэкIыу.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КИФЩI-м транспорт Iуэхухэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм КъБР-м автомобиль-гъуэгу кIэлъыплъыныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Вындыжь Замир**, «Кавказ федеральнэ автомобиль гъуэгухэм я IэнатIэ» IуэхущIапIэм и къудамэу Налшык щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Сэхъу Къаплъэн**, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ, къэхъукъащIэхэмрэ абыхэм я лъэужьыр гъэкIуэдыжынымкIэ и министерствэм и управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ полковник **Хьэщхъуэжь Елдар**, Май районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Саенкэ Татьянэ**, сымэ.

КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и комитетым и унафэщI **Кривко Михаил** жиIащ: «Шынагъуэншагъэм ехьэлIауэ Къэрал автоинспекцэм и закъуэкъым жэуаплыныгъэ зыхьыр. Мыхьэнэшхуэ иIэщ щIыналъэ унафэщIхэр, хабзэубзыху IуэхущIапIэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр дызэкъуэувэу Iуэхум делэжьыным. Нэхъыщхьэ дыдэр гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэм ди сабийхэр хуэдгъэсэнырщ».

ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ комитетым и унафэщI **Къалмыкъ Марат** тепсэлъыхьащ депутатхэм ягъэхьэзыр законопроектхэмрэ ахэр зэрагъэзащIэм зэрыкIэлъыплъымрэ. Я нэIэ зытетыпхъэу депутатым къигъэлъэгъуахэм ящыщщ насыпыншагъэ къыщыхъункIэ хъуну щIыпIэ шынагъуэхэр и чэзум зыхуей хуагъэзэныр, машинэ къезыхуэкIыну хуейхэр егугъуу ирагъэджэныр.

Егоровэ Татьянэ зэIущIэм хэтахэм фIыщIэ яхуищIащ, икIи къыхигъэщащ къаIэта Iуэхум адэкIи зэгъусэу елэжьыныр зэрыфIэкъабылыр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## Сабийхэм защIэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэху егъэкIуэкIыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2026 гъэм накъыгъэм и 29-м*
*Налшык къалэ №92-ПП*

Унагъуэ хуэмыщIахэм, сабий куэд зиIэ унагъуэхэм, адрей унагъуэ нэхъ хуэныкъуэхэм ящыщ сабийуэ республикэм и курыт еджапIэхэм щIэсхэм 2026 - 2027 гъэ еджэгъуэщIэм щыщIидзэжым ирихьэлIэу социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етын мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюзхэм я федерацэ» союзым, лэжьакIуэ гупхэм къыхалъхьа жэрдэмыр ядэIыгъын икIи сабийхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м республикэпсо щэбэт щIыхьэху егъэкIуэкIын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, зи мылъкуу щытым емылъытауэ, организацэ псоми чэнджэщ етын сабийхэм ядэIэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэхум хэтыну икIи зы махуэ лэжьапщIэр республикэпсо щэбэт щIыхьэхум и фондым халъхьэну.

3. Сабийхэм ядэIэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэхум хэтахэм псапащIэ Iуэхухэм трагъэкIуэдэн папщIэ езыхэм я жэрдэмкIэ къыхалъхьэ ахъшэр унагъуэ нэхъ хуэныкъуэхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ ягъэхь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэхъуэ Iыхьэм «Урысей Федерацэм и бюджет системэр зэхуагъэхъун папщIэ Федеральнэ казначействэм и органхэм трагуашэ хэхъуэхэр» 03100643000000010400 счётым «Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм щыщ ахъшэ зыIэрыхьэхэм иратын папщIэ цIыху щхьэхуэхэм къыхалъхьэ ахъшэр» 961 2 07 0202002 0000 150 и кодымкIэ 83701000 ОКТМО-м тету.

4. Муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм я щIыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын:

школакIуэ ныбжьым ит сабийхэм (сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм я сабийхэм) зэрыIыгъыу ахъшэкIэ зыдэIэпыкъупхъэ я адэ-анэхэм (сабийхэр зыпIыжхэм, абыхэм якIэлъыплъхэм) я спискэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм Iэрагъэхьэну;

ахъшэр зэрызэхуахьэсымрэ зэрыIыгъыу финансхэмкIэ зыдэIэпыкъупхъэхэм ятеухуа информацэр и зэманым зэратымрэ кIэлъыплъыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм къагъэхьа спискэхэм тету 2026 гъэм фокIадэм и 1-м фIэмыкIыу сабийхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ ирагъэкIуэкIа республикэпсо щэбэт щIыхьэхум и фондым къыхалъхьа ахъшэм щыщу дэтхэнэ зы сабийми хуэзэу сом мини 3 иратыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын сабийхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ ирагъэкIуэкIа щэбэт щIыхьэхум кърикIуахэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къыщыгъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

7. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий М. Б.

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ*
**КЪУНЫЖЬ МуIэед.**

# Гугъуехьхэм къапимыкІуэту псэуа

## Журналист, тхакІуэ Бекъан Чыланий къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу

***Дэтхэнэ зы цІыхуми езым и Іуэху бгъэдыхьэкІэ, и дуней еплъыкІэ, и лэжьэкІэ иІэжщ. Ар тхакІуэмэ, журналистмэ, адрейхэм яхэмыгъуащэ хъэтІ иІэж, цІыхухэм гунэс ящыхъу тхыгъэхэр и къалэмыпэм къыщІэкІ хъуа нэужьщ а лэжьакІуэр и ІэщІагъэм хуэІэзэу къэплъытэ щыхъунур. И анэдэлъхубзэр фІы дыдэу ищІэу, ар игъэшэрыуэу, зи гугъу тщІа хъэтІ хэхам хуэдэкІэ итхахэр щІэджыкІакІуэхэм я пащхьэ махуэ къэс ирилъхьэфу къыддэлэжьащ Бекъан Чыланий Машэ и къуэр.***

НАРТАН (Къылышбийхьэблэ) къуажэм 1926 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м къыщалъхуащ Чыланий.

И ныбжьыр илъэс 15-м иту Хэку зауэшхуэр къэхъейри, абы къыдэкІуа гугъуехь куэдми пхыкІын хуей хъуащ. Къапщтэмэ, ар яхэтащ нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм я танкхэр республикэм кърамыгъэхьэн щхьэкІэ ахэр къызыщхьэдэмыхыфын къуэшхуэхэр губгъуэхэм щыдэзытІыкІахэм. Егъэлеяуэ лэжьыгъэ гугъут ар зи къару зэрымыубыда ныбжьыщІэхэм я дежкІэ, ауэ абыхэми къызэфІагъэщІакъым Чылании абы и гъуса адрей щІалэгъуалэри. Фашистхэр ди щІыналъэм ирахужа нэужьи, я фэм дэмыхуэным хуэдиз колхоз лэжьыгъэхэм хэтащ, бийр щІыналъэм щита зэманым Іисраф ящІахэр я гуащІэ емыблэжу зэфІэзыгъэувэжахэми ядэлэжьащ. КІэщІу жыпІэмэ, Чыланий лъэкІ къигъэнакъым цІыхухэм я псэукІэр яхуззэтегъэувэжынымкІэ.

Къуажэ школыр щытхъу пылъу къиуха нэужь Бекъаныр Налшык дэт пединститутми хъарзынэу щеджащ. ЩІэныгъэфІ зыгъуэта щІалэр адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэу ягъэкІуащ Аушыджэр къуажэм и курыт школым. ЗэрыжаІэжымкІэ, а зэманым а жылэм зы егъэджакІуи яІэтэкъым и ІэщІагъэм хуеджауэ. ГурыІуэгъуэщ Бекъаным абы щыгъуэ жэуап-лыныгъэшхуэ и пщэ къызэрыдэхуар икІи ар хьэлэлу, и къару емыблэжу игъэззэщІащ пщэрылъ къыщащІа къалэныр. ИлъэситІкІэ щыІат ар а къуажэми, и цІэр фІыкІэ жригъэІащ, я гум дыхьащ иригъаджэ цІыкІухэми, зыхэт гупми, сабийхэм я адэ-анэхэми.

1950 гъэм Чыланий я къуажэм дэт курыт еджапІэм къашэжри, илъэсийкІэ абыи адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэу щылэжьати, и къуажэгъухэм я дежи и Іулыджыр кІуэ пэтми нэхъ лъагэ щыхъуу пэрытащ и ІэнатІэм. егъэджакІуэ къалэным имызакъуэу, ар жылагъуэ гъащІэми щыжыджэрт. Бекъаныр 1955 - 1957 гъэхэм яхэтащ, къэралым илъэс куэдкІэ къимыгъэсэбэпа щІыхэр гъавэ щІапІэ ящІын пщэрылъ яІэу Акмолинскэ областым кІуауэ щыта щІалэгъуалэм. Абыи фІыкІэ зыкъыщигъэлъэгъуауэ, щытхъу, фІыщІэ къихьауэ къэкІуэжауэ щытащ - ВЛКСМ-м и ЦК-м и дамыгъэ лъапІэрэ медалрэ къыхуагъэфэщат.

ЩІэблэм я анэдэлъхубзэр егъэщІэным егугъуу зэрылажьэм къыдэкІуэу, щыстудента илъэсхэм дэзыхьэха журналист ІэщІагъэми и зэфІэкІ щеплъыжырт ар – «Къэбэрдей пэж» цІэр иІэу къыдэкІыу щыта (иджырей «Адыгэ псалъэр») газетым и тхыгъэхэр яхуихьырт икІи ахэр къытрадзэрт.

Зи ІэдакъэщІэкІхэр редакцэм и унафэщІхэми щІэджыкІакІуэхэми ягу ирихь Бекъаныр 1958 гъэм газетым ирагъэблагъэ икІи мэкъумэш къудамэм ирагъэбыдылІэ. Илъэс зыбжанэкІэ корреспонденту лэжьауэ, 1965 гъэм ар а къудамэм и унафэщІу ягъэуващ икІи а къалэныр илъэс куэдкІэ хьэлэлу игъэзэщІащ.

Махуэм зэлэжьынур, зытетхыхьынур яжриІэ, здэкІуэну щІыпІэхэр и унафэ щІэтхэм ятригуашэ къудей мыхъуу, сыткІи щапхъи дэІэпыкъуэгъуи яхуэхъурт ар. Районхэм кІуэн хуей щыхъум дежи ядежьэрти, мэкъумэш ІуэхущІапІэхэм я унафэщІхэр, лэжьакІуэфІхэр ярыгъэцІыхурт, иужькІи ІуэхукІэ ябгъэдыхьэфын хуэдэу. Журналистхэм я тхыгъэхэр хьэзыр хъуа нэужьи, абыхэм къахуеджэжырт, яхузэригъэззэхуэжырт, я щыуагъэхэм гу лъаригъэтэжырт, я ІэдакъэщІэкІхэр нэхъыфІ хъун папщІэ. Апхуэдэу лъэпкъ журналистикэм ныбжьыщІэ куэд хуигъэсащ абы.

Командировкэхэм къыщикІыжахэм деж газетым щылажьэхэм Чыланий къэдувыхьырт. «Мис мыпхуэдэ гуэдз е нартыху бэлыхь къагъэкІащ ди мэкъумэшыщІэхэм», - жиІэу, гуэдз щхьэмыж Іэрамэ е нартыху кІэчанышхуэхэр иІыгъыу, и нэгум гуфІэгъуэр кърихыу нышІыхьэжырт редакцэми, здэщыІахэм я хъыбар гъэщІэгъуэну къытхуиІуэтэжырт. Ар Къущхьэхъу хъупІэхэми куэдрэ кІуэрти, Іэщыхъуэхэм я лэжьэкІэр, я псэукІэр зригъащІэрт, репортаж гъэщІэгъуэнхэри итхыжырт.

Мэкъумэш ІэщІагъэм хуеджауэ фІэкІа пщІэнтэкъым ар - абы и ІэнатІэ псоми фІыуэ хищІыкІырт, Іэщ гъэхъунми гъавэ щІэнми я щэхухэм щыгъуазэт. Чыланий и лъэ зытемыува, езыр къыщамыцІыху къуажэ ди республикэм иту пІэрэ жытІэу дгъэщІагъуэрт. Итуи ди фІэщ хъуртэкъым – абы щыхьэт техъуэрт и тхыгъэхэр.

Мэкъумэшыщ ІэхэмпщІэшхуэ яхуищІырт абы. ІуэхущІапІэхэм я унафэщІ ІэкІуэлъакІуэхэр, ІэщІагъэлІхэр, жэмыш, Іэщыхъуэ, механизатор пашэхэр фІыуэ ицІыхурт, я лэжьыгъэфІхэри хэІущІыІу щищІырт республикэ газетым, адрейхэм щапхъэу яхуигъэлъагъуэу.

Журналистикэм и жанр псори фІы дыдэу къигъэІэрыхуэрт Бекъаным, ауэ псом хуэмыдэжу хуэІэзэт очерк тхыным. ЦІыхум и пщІэр зыІэт, лэжьакІуэфІым и гъащІэ гъуэгуанэм щыгъуазэ узыщІ тхыгъэшхуэ куэд къытехуащ адыгэ газетым, Бекъан Чыланий и цІэр щІэдзауэ. Къапщтэмэ, абы и къалэмыпэм къыщІэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр зыхуагъэфэща псоми ятеухуа, бзэ дахэкІэ тха очеркхэр, нэгъуэщІ лэжьакІуэфІ куэдми я Іуэху зехьэкІэм цІыхухэр щигъэгъуэзащ.

Мыри бгъэщІагъуэ хъунущ - лъэпкъ газетым и зы къыдэкІыгъуи а зэманым дунейм къытехьакъым абы и Іэдакъэ къыщІэкІа тхыгъэ - ар инми цІыкІуми - темыту.

И журналист гъуэгуанэм щынэхъыщхьэу, мыхьэнэшхуэ щызиІэу къилъытэхэм я гугъу едгъэщІыну зыщыхуэдгъэзам, нэхъыжьыфІым къыджиІауэ щытащ:

- Ди лъэбакъуэ нэхъ узыщыгуфІыкІ хъунухэм яхызобжэ адыгэхэр нэхъыбэу зэрыс лъахэхэм къыщыдэкІ лъэпкъ газетхэр тхыгъэхэмкІэ дызэхъуажэу 1974 гъэм едгъэжьауэ зэрыщытар, - игу къигъэкІыжырт Чыланий. - «Социалистическэ Адыгей», «Ленин нур» газетхэм едгъэхьу щІэддзат республикэм и мэкъумэш хозяйствэм и зыужьыкІэм, и лэжьакІуэ, колхоз пашэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, напэкІуэцІхэр. Апхуэдэ тхыгъэ дыдэхэр дэри къытхуагъэхьырти, «Ленин гъуэгум» къытеддзэрт. Псом хуэмыдэу гулъытэ нэхъыбэ хуэтщІырт мэкъумэшыщІэхэм я зэхьэзэхуэм, я лэжьэкІэ пэрытым. ЗэпыщІэныгъэ быдэ дяку дэлъу дызэдэлэжьащ «Социалистическэ Адыгейм» щыщ Пэнэф Сэфар, БрантІы Къазбэч, «Ленин нурым» и корреспондент Даур Жэхьфар сымэ. Ди мэкъумэшыщІэ пашэхэм я зэхьэзэхуэ къызэдгъэпэщат, ахэр зэрыдгъэцІыхуат, хьэщІапІэ зэхуэдгъэкІуат. Псалъэм папщІэ, Бахъсэн районым щыІэ «Красный Кавказ» колхозым и бригадир пашэ Шакъ Мыхьмуд, Адыгейм и Щоджэн районым партым и XXII съездым и цІэр зэрихьэу щыІэ колхозым и бригадир Даур Анзор сымэ, а хозяйствэхэм я унафэщІхэр зэІудгъэщІащ. Апхуэдэ зэпыщІэныгъэхэр Къэрэшей-Шэрджэсым и лэжьакІуэ пашэхэми яхудиІащ. ЖыпІэ хъунущ адыгэбзэкІэ къыдэкІ газетхэр а зэманым а ІуэхуфІым зэкъуигъэувауэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ зэпыщІэныгъэр пІалъэкІэ зэпыуауэ щытащ, иужькІэ ар къыдэзыхыжахэм, адэкІи къыпызыщэхэм фІыщІэ лей яхуэфащэщ.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ, Бекъаным и цІэри ди ІуэхущІапІэ пашэхэми, абыхэм я унафэщІхэми я лэжьэкІэм и хъыбари фІыкІэ щыІуауэ щытащ ди къуэш республикэхэми. НэгъуэщІ жэрдэм куэди газет лэжьыгъэм къыхилъхьэу щытащ Бекъаным.

«Уней лъапсэ» фІащауэ газетым напэкІуэцІ иІащ. Ари игъэхьэзыру щытащ Чыланий. Абы къытридзэрт къуажэдэсхэм, щІы Іыхьэ зиІэ къалэдэсхэм я хадэхэм зэрелэжьыпхъэм теухуа тхыгъэхэр. Сыт хуэдэ пІалъэм къриубыдэу дэтхэнэ къэкІыгъэр хэсэн хуейми, абы щІыгъэпшэр етыпхъэми, жыгхэр, хадэхэкІхэр зэрызехьапхъэми щыгъуазэ ищІырт. НапэкІуэцІыр нэхъ гъэщІэгъуэн хъун папщІэ, ІэщІагъэлІхэм яІущІэурэ епсалъэрт, цІыхухэм къахуэщхьэпэн чэнджэщхэр абыхэм къапихырти, гурыІуэгъуафІэу къахутридзэжырт. Уеблэмэ хадэхэкІхэм, пхъэщхьэмыщхьэхэм къахэпщІыкІ хъу ерыскъыгъуэхэм я гъэхьэзырыкІэри къытехуэрт а напэкІуэцІым. А тхыгъэхэм къапэджэжу, упщІэхэр кърату, фІыщІэ къыхуащІу письмо куэдыкІей къыІэрыхьэрт Чыланий.

Журналистикэм къыдэкІуэу, Чыланий икІи тхакІуэт. «ЩІалэгъуэ хьэлъэ», «КъэгъэшыпІэм и деж» повестхэр, и очеркхэр щызэхуэхьэса «Вабдзэ Іумахуэ» жыхуиІэ тхылъхэр бзэ дахэкІэ тхащ, сюжет гъэщІэгъуэни яІэщ.

Апхуэдиз лэжьыгъэм хунэс Бекъаныр икІи цІыху зэпІэззэрытт, шыІэныгъэ зыхэлът. Щыпкъагъэ жыхуиІэ псалъэм къиубыд хьэл-щэн дахэ хэлът абы. Гупыр игъэгупырт, и гушыІэкІэри дахэт, щабэт.

Илъэс тхущІым щІигъукІэ лъэпкъ журналистикэм хьэлэлу хуэлэжьа, абы и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа Бекъаным къэрал гулъыти мымащІэу игъуэтащ. Абы КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъыр тІэунейрэ - 1962, 1978 гъэхэм - къыхуагъэфэщащ, 1971 гъэм «ЩІыхьым и Дамыгъэ» орденыр кърататщ. Журналистикэм щиІэ зэфІэкІыр зэрыиным и щыхьэту, 1983 гъэм «КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр къыфІащащ, КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м я ЩІыхь тхылъхэр, Хэку зауэшхуэм и зэманым зэфІигъэкІа лэжьыгъэхэм папщІэ дамыгъэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщащ.

ЦІыху гуапэу, гугъуехьхэм къапимыкІуэту дунейм тета, лъэужь дахэ къэзыгъэна Бекъан Чыланий Машэ и къуэр 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м дунейм ехыжащ, ауэ ар нобэми ІэфІу дигу илъщ зыдэлэжьахэм, гуапэу ягу къагъэкІыж зыщІыхуу щытахэм.

***«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.***





Адыгэ газетхэм я номер зэхэтым теухуа зэІущІэм кърихьэлІахэр.



**Газетым и лэжьакІуэхэр** *(сэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ)* **Джэлэс Таужид, Апажэ Назир, Бекъан Чыланий.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, мэкъуауэгъуэм и 8

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00**, **12.00**, **15.00**, **03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00**, **12.15**, **18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00**, **17.00**, **23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МЕЖДУ НАМИ ХИМИЯ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00**, **11.00**, **14.00**, **16.30**, **20.00**, **03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00**, **18.00** «60 минут» (12+)
**14.30**, **02.20**, **03.30** Т/с «КУЛАГИНЫ. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ЗАГЛЯНИ ЕМУ В ГОЛОВУ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

**04.35**, **08.25**, **10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00**, **10.00**, **13.00**, **16.00**, **19.00**, **00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ВРАГИ» (16+)
**22.15** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**00.40** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
**01.15** Т/с «ПЯТЬ МИНУТ ТИШИНЫ. МОРЕ И ГОРЫ» (16+)
**03.05** Х/ф «ПРИГОВОРЕННЫЙ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.00** «Москва фронту». Д/с (16+)
**06.25** Х/ф «СТАРИКИ-РАЗБОЙНИКИ» (16+)
**09.00**, **13.00**, **17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Сделано в СССР». Д/с (12+)
**11.15**, **13.15** «Легенды советского сыска». Д/с (16+)
**14.20**, **15.05**, **17.15** Т/с «ТРАССА» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Специальный репортаж» (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ВРЕМЯ ВЕРНУТЬСЯ» (16+)
**01.30** Х/ф «СТАРИКИ-РАЗБОЙНИКИ» (16+)
**03.00** Х/ф «РОЗЫГРЫШ» (16+)
**04.45** Т/с «ТРАССА» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20**, **13.00**, **00.10** Д/с «В поисках истины»
**08.05** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**08.35** Х/ф «ГОРОД НАД ГОЛОВОЙ» (16+)
**10.00**, **12.30**, **17.00**, **19.30** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.15**, **01.00** «ХХ век»
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.45** Д/ф «Иван Иванов-Вано»
**14.25** М/ф «Снегурочка»
**15.35** Линия жизни
**16.30** Д/с «Передвижники»
**17.15**, **02.00** Шедевры русской музыки
**18.05** Д/ф «Роман в камне»
**18.35** Рассказы из русской истории
**19.45** Главная роль
**20.05** Библейский сюжет
**20.35** Спокойной ночи, малыши!
**20.50** Д/с «Свидетели времени»
**21.30** Сати. Нескучная классика...
**22.10** «Береника». Спектакль Российского академического молодежного театра. Запись 1998 года. К 85-летию Алексея Бородина
**23.55** Новости. Подробно. АРТ

### МАТЧ!

**06.00** «Команда мечты» (12+)
**06.30** «Неизвестные страницы Кубка мира» (12+)
**07.00**, **09.10**, **12.25** Новости
**07.05**, **12.30**, **21.30** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.15** Лица страны (12+)
**09.35** Футбол. Россия - Тунис. Чемпионат мира-2002 (6+)
**11.35** География спорта (12+)
**12.05** «Специальный репортаж» (12+)
**13.40** Футбол. Бразилия - Германия. Чемпионат мира-2014. 1/2 финала (6+)
**15.40** Громко. Прямая трансляция
**16.40** Плавание. Чемпионат России. Прямая трансляция из Казани
**19.25** Баскетбол. УНИКС (Казань) - ЦСКА. Единая лига ВТБ. Финал. Прямая трансляция
**22.30** Футбол. Германия - Аргентина. Чемпионат мира-2014. Финал (6+)
**01.05** «Вы это видели» (12+)
**02.05** Бокс. Bare Knuckle FC. Трансляция из США (16+)
**03.55** Легкая атлетика. Бриллиантовая лига. Трансляция из Швеции (6+)

## Гъубж, мэкъуауэгъуэм и 9

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00**, **12.00**, **15.00**, **03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00**, **12.15**, **18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00**, **17.00**, **23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МЕЖДУ НАМИ ХИМИЯ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00**, **11.00**, **14.00**, **16.30**, **20.00**, **03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00**, **18.00** «60 минут» (12+)
**14.30**, **02.20**, **03.30** Т/с «КУЛАГИНЫ. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ЗАГЛЯНИ ЕМУ В ГОЛОВУ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

**04.25**, **08.25**, **10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00**, **10.00**, **13.00**, **16.00**, **19.00**, **00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ВРАГИ» (16+)
**22.15** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**00.40** «Захар Прилепин. Уроки русского» (16+)
**01.15** Т/с «ПЯТЬ МИНУТ ТИШИНЫ. МОРЕ И ГОРЫ» (16+)
**03.05** Х/ф «МЕСТЬ БЕЗ ПРАВА ПЕРЕДАЧИ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.20** Т/с «ТРАССА» (16+)
**09.00**, **13.00**, **17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Специальный репортаж» (16+)
**11.15** «Легенды советского сыска». Д/с (16+)
**13.25** «НЕ ФАКТ!» (12+)
**14.00**, **15.05**, **17.15** Т/с «СИЛЬНЕЕ ОГНЯ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Специальный репортаж» (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого». «Охота на «Комсомольца». Дело о военных тягачах» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «ЛЮБИТЬ ПО-РУССКИ» (16+)
**01.10** Х/ф «УКРОЩЕНИЕ ОГНЯ» (16+)
**03.50** «Перелом. Хроника Победы». Д/с (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20**, **13.00**, **00.10** Д/с «В поисках истины»
**08.10** Д/с «Слово о словах»
**08.25** Х/ф «ГОРОД НАД ГОЛОВОЙ» (16+)
**10.00**, **12.30**, **17.00**, **19.30** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.15**, **01.00** «ХХ век»
**12.15** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.55** Д/ф «Александр Птушко»
**14.35** Х/ф «ПРИКЛЮЧЕНИЯ ЭЛЕКТРОНИКА»
**15.50** Сати. Нескучная классика...
**16.30** Д/с «Коллекция»
**17.15**, **01.55** Шедевры русской музыки
**18.05** Д/ф «Роман в камне»
**18.35** Линия жизни
**19.45** Главная роль
**20.05** Библейский сюжет
**20.35** Спокойной ночи, малыши!
**20.50** Белая студия
**21.30** «Наш городок». Спектакль Российского академического молодежного театра. Запись 1999 года. К 85-летию Алексея Бородина
**23.55** Новости. Подробно. Книги

### МАТЧ!

**06.00** «Команда мечты» (12+)
**06.30** География спорта (12+)
**07.00**, **09.10**, **12.25** Новости
**07.05**, **12.30**, **18.50**, **22.10** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.15**, **12.05** «Специальный репортаж» (12+)
**09.35** Футбол. Бразилия - Франция. Чемпионат мира-1998. Финал (6+)
**11.35** «Вид сверху» (12+)
**13.40** Футбол. Нидерланды - Аргентина. Чемпионат мира-2022. 1/4 финала (6+)
**16.40** Плавание. Чемпионат России. Прямая трансляция из Казани
**19.30** Футбол. Россия - Тринидад и Тобаго. BetBoom матч сборной. Прямая трансляция из Калининграда
**23.30** Футбол. Германия - Италия. Чемпионат мира-2006. 1/2 финала (6+)
**02.05** Смешанные единоборства. Бетсити. Fight Nights. Трансляция из Санкт-Петербурга (16+)
**03.55** Бадминтон. Мировой тур. Трансляция из Индонезии (6+)

## Бэрэжьей, мэкъуауэгъуэм и 10

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00**, **12.00**, **15.00**, **03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00**, **12.15**, **18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00**, **17.00**, **23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МЕЖДУ НАМИ ХИМИЯ» (16+)
**00.00** «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
**01.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00**, **11.00**, **14.00**, **16.30**, **20.00**, **03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00**, **18.00** «60 минут» (12+)
**14.30**, **02.20**, **03.30** Т/с «КУЛАГИНЫ. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ЗАГЛЯНИ ЕМУ В ГОЛОВУ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

**04.30**, **08.25**, **10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00**, **10.00**, **13.00**, **16.00**, **19.00**, **00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ВРАГИ» (16+)
**22.15** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**00.40** Т/с «ПЯТЬ МИНУТ ТИШИНЫ. МОРЕ И ГОРЫ» (16+)
**02.35** Х/ф «СУДЬБА ДИВЕРСАНТА» (16+)»

### ЗВЕЗДА

**06.05** Т/с «СТО ДНЕЙ СВОБОДЫ» (16+)
**09.00**, **13.00**, **17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу
**11.00** «Специальный репортаж» (16+)
**11.15** «Легенды советского сыска». Д/с (16+)
**13.25** «По горячим следам» (16+)
**13.45**, **15.05**, **17.15** Т/с «СТО ДНЕЙ СВОБОДЫ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Специальный репортаж» (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Секретные материалы». Д/с. «Операция NSPA». тайные схемы оружейной биржи НАТО» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «ЛЮБИТЬ ПО-РУССКИ-2» (16+)
**01.10** Х/ф «ИЖОРСКИЙ БАТАЛЬОН» (16+)
**02.45** «Шахматные партии холодной войны». Д/с (16+)
**03.35** Х/ф «МЫ С ВАМИ ГДЕ-ТО ВСТРЕЧАЛИСЬ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Диалоги о животных
**07.20**, **13.00**, **00.05** Д/с «В поисках истины»
**08.10** Д/с «Слово о словах»
**08.25** Х/ф «ГОРОД НАД ГОЛОВОЙ» (16+)
**10.00**, **12.30**, **17.00**, **19.30** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.15**, **00.55** «ХХ век»
**12.15** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** Новости. Подробно. Кино
**13.55** Д/ф «Эдуард Назаров»
**14.35** Х/ф «ПРИКЛЮЧЕНИЯ ЭЛЕКТРОНИКА» (16+)
**15.45** Белая студия
**16.30** Д/ф «День ангела. Священномученик Серафим (Чичагов)»
**17.15**, **01.55** Шедевры русской музыки
**18.15** Д/с «Запечатленное время»
**18.40** Д/ф «Семен Спивак. 10 заповедей режиссера»
**19.45** Главная роль
**20.05** Библейский сюжет
**20.35** Спокойной ночи, малыши!
**20.50** Абсолютный слух
**21.30** «Горе от ума». Спектакль Российского академического молодежного театра. Запись 2021 года. К 85-летию Алексея Бородина
**23.50** Новости. Подробно. Кино

### МАТЧ!

**06.00** «Команда мечты» (12+)
**06.30** «Вид сверху» (12+)
**07.00**, **09.10**, **14.00** Новости
**07.05**, **14.05**, **21.30** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.15** Футбол. Англия - Бразилия. Чемпионат мира-2002. 1/4 финала (6+)
**11.15** Художественная гимнастика. Evgeniya Cup. Прямая трансляция из Омска
**14.40** Футбол. Россия - Тунис. Чемпионат мира-2002 (6+)
**16.40** Плавание. Чемпионат России. Прямая трансляция из Казани
**19.25** Баскетбол. УНИКС (Казань) - ЦСКА. Единая лига ВТБ. Финал. Прямая трансляция
**22.30** Футбол. Италия - Франция. Чемпионат мира-2006. Финал (6+)
**01.05** Автоспорт. Дрифт. RDS OPEN. Трансляция из Казани (6+)
**02.05** Смешанные единоборства. Б. Мухаммад - Г. Бонфим. UFC. Трансляция из США (16+)
**03.55** Настольный теннис. Премьер-лига. Финал. Трансляция из Казани (6+)

## Махуэку, мэкъуауэгъуэм и 11

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**16.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъыддекIуэкI хабзэфIхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэм и толъкъунхэр» (урысыбзэкIэ)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (урысыбзэкIэ)
**23.30** - **24.00** «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Мэрем, мэкъуауэгъуэм и 12**
**Урысейм и махуэщ**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***
**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэц1хэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Тхыдэ уахътыншэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Тхыдэ уахътыншэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, мэкъуауэгъуэм и 13**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**3.44** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, мэкъуауэгъуэм и 14**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыб_зэкIэ) (12+)
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

● Нобэ Урысыбзэм и махуэщ

# Лъэпкъхэр зэрызэгурыIуэ Iэмал гъуэзэджэ




**Шыд Хьэзрит и цIэр зэрихьэу Нарткъалэ дэт курыт школ №2-м** *(унафэщIыр Шыбзыхъуэ Иннэщ)* **урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэхэр щIэблэм я унэтIакIуэ нэсщ. Ахэр зи къалэным къызыхуэтыншэу пэлъэщ, IэнатIэм ехъулIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрызыгъэхьэ лэжьакIуэ пашэхэщ.**

**Урысей Федерацэм и мызакъуэу, хамэ щIыналъэ куэдми нобэ щагъэлъапIэ Урысыбзэм и дунейпсо махуэр. «ЛъэкIыныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ бзэ къулей икIи купщIафIэ», - апхуэдэ псалъэхэр урысыбзэм хужиIащ тхакIуэ, бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэу, этнографу щыта Даль Владимир. Абы и псалъэхэм я щыхьэтщ урысыбзэмкIэ нобэкIэ псалъэу, а бзэр хуиту ягъэшэрыуэу яIурылъу дунейм тет цIыхухэм ящыщу мелуан 260-м щIигъу зэрыщыIэр. Урысыбзэр къэралыбзэу къыщалъытэ Урысей Федерацэм, Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэм (СНГ) хыхьэ хэку зыбжанэм, Абхъазым, Осетие Ипщэм. А бзэмкIэ щызэрощIэ, щызопсалъэ СССР-м хыхьэу щыта къэралхэм щыпсэухэр, Чехием, Болгарием, Латин Америкэм, Новая Зеландием, Африкэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми щыщ куэд.**

АПХУЭДИЗ пщIэрэ гулъытэрэ щIы хъурейм щызыгъуэта бзэ лъэщым 2010 гъэм махуэ щхьэхуэ хухихауэ щытащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН). Урысей Федерацэм ар къэрал махуэшхуэу щагъэуващ илъэс 15 ипэкIэ. Абы теухуа унафэ щхьэхуэм Iэ щIидзауэ щытащ УФ-м и Президентым.

Урыс лъэпкъым, апхуэдэуи Урысей Федерацэм, Совет Союзым къызэщIиубыдэу щыта къэралхэм ящыщ дэтхэнэми мыхьэнэшхуэ щызыубыдщ, гъащIэм лъапIэныгъэ нэхъыщхьэу къыщалъытэхэм ящыщщ урысыбзэр. Бзэ куэдрэ щэнхабзэ мымащIэрэ щызекIуэ дунейм урысыбзэр щаIэт, лъэпкъ литературэм и классик, урысыбзэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа усакIуэ цIэрыIуэ Пушкин Александр и цIэм ирапхыу, ар къыщалъхуа махуэм трагъахуэу. Пушкиным и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэм щыгъуазэхэм я нэхъыбапIэм а бзэр фIыуэ ялъагъу, я анэдэлъхубзэм хуагъадэу, анэбзэ етIуанэу къэзылъытэхэри мымащIэу къахэкIыу. Аращ а махуэщIым фIэщыгъэу тIу иIэу къыщIекIуэкIыр: Урысыбзэм и дунейпсо махуэрэ Пушкиным и махуэрэ. ФIэщыгъэкIэ зэхуэмыдэми, махуэшхуэм и купщIэри, и мурадри зыщ: бзэм нэхъри зегъэужьын, и пщIэр нэхъри къэIэтын, абы и литературэ лъабжьэр гъэтIылъыным зи зэфIэкIышхуэ езыхьэлIа Пушкин Александр и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэм: усэхэм, романхэм, таурыхъхэм – псоми тхылъеджэхэм я нэхъыбапIэр щыгъуазэ хуэщIын, усакIуэ цIэрыIуэм и фэеплъыр хъумэн.

Лъэпкъыпсо мыхьэнэ зиIэу къалъытэ а къалэнхэр гъэзэщIа хъуным ди къэралым гулъытэшхуэ щегъуэт. Урысыбзэмрэ литературэмрэ джыным, зегъэужьыным хуолажьэ РАН-м епха институтхэр, къудамэ зэмылIэужьыгъуэ куэд щIыпIэхэм щаIэу, IэщIагъэлI цIэрыIуэхэр. Къыхэдгъэщынщи, урысыбзэр ящыщщ, къызыхэкIа лъэпкъым емылъытауэ, ди къэралым къиталжэ щIэблэм нэхъыфI дыдэу ящIэхэм. Урысыбзэм школ программэм щыхухах сыхьэт бжыгъэм хуэдиз зыгъуэт нэгъуэщI зы предмети яхэткъым ныбжьыщIэхэм яджхэм. А бзэмкIэщ зэрызэрахьэр къэрал Iуэхухэри, иубыд увыпIэри и пщэрылъ къалэнхэм яхуэфэщэжу щытщ.

Урысыбзэм иIэ мыхьэнэмрэ игъуэт къэрал гулъытэмрэ ноби хэхъуэ зэпытщ. А Iуэхум шэщIауэ щытепсэлъыхьащ гъубж кIуам, мэкъуауэгъуэм и 2-м, Москва щекIуэкIа зэIущIэм. Къэралым и Iэтащхьэр зыхэта зэхуэсым, Урысыбзэмрэ Урысейм хыхьэ лъэпкъхэм я бзэхэмрэ ехьэлIа къэрал политикэр гъэзэщIэнымкIэ советым и зэIущIэм, щаубзыхуащ УФ-м и бзэ нэхъыщхьэ дыдэм адэкIи зэрызрагъэужьыну Iэмалхэр. Урысыбзэм и Iуэхур къэIэтыныр егъэджэныгъэр зэрызэхэт Iыхьэ псоми щекIуэкIынущ, тхылъыщIэхэмрэ методикэ пособиещIэхэмрэ къыдагъэкIынущ. Набдзэгубдзалъэу щыхущытынущ урысыбзэм сабий гъэсапIэм, курыт школхэм щыхухах сыхьэт бжыгъэхэм. Къэралым и курыт школ псоми урысыбзэр зэрыщаджыну тхылъхэм ящыщу 10-11-нэ классхэм яйр хьэзырщ. Мыгувэу дунейм къытехьэнущ 5-9-нэ классхэм папщIэ тхылъхэри. УрысыбзэмкIэ зэреджэ тхылъхэр зы программэмрэ зы планымрэ тещIыхьауэ щытынущи, ар къэралым и еджакIуэ псоми зэхуэдэу яджынущ дяпэкIэ. ТхылъыщIэхэр зэреджэ программэм хагъэхьэнущ 2027-2028 гъэ еджэгъуэм къыщыщIэдзауэ.

КъыкIэлъыкIуэу еджапIэ нэхъыщхьэхэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ факультет щхьэхуэхэр къыщызэрагъэпэщынущ, абыхэм щеджэ студент псоми, зыхуеджэ IэщIагъэм емылъытауэ, Iэмал имыIэу яджынущ тхыдэр, философиер, «Урысей къэралыгъуэм и лъабжьэхэр» курсыр, урысыбзэр, ар къэрал лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу, лъэпкъ щэнхабзэм и лъабжьэу, апхуэдэуи егъэджэныгъэ IэнатIэр зэрыщыту зэзыпх, зэкъуэзыгъэувэ къаруууэ къалъытэу.

КъинэмыщIауэ, къэралым и пашэм зэрыжиIамкIэ, урысыбзэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Пушкин Александр къыщалъхуа махуэм Урысыбзэм и махуэщIри яIэтмэ, совет усакIуэ цIэрыIуэ, тхакIуэ, публицист, жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэшхуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Дагъыстэн Республикэм и цIыхубэ усакIуэ, къэралым гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гамзатов Расул къыщалъхуа махуэм дяпэкIэ илъэс къэс ягъэлъэпIэнущ Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм я махуэшхуэр. Нэгъабэ а Iуэхур япэу къаIэтащ. УФ-м и Президентым къыхилъхьа а жэрдэмымкIэ нэхъри гулъытэ игъуэтынущ хэкупсэ нэсу зи гъащIэр зыхьа Гамзатовым и фэеплъым, и щIэин лъапIэм. Апхуэдэу УФ-м и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу дызэрытым къыдагъэкIын щIадзэнущ «Урысейм и лъэпкъхэм я литературэ тхыгъэ нэхъыфIхэм и библиотекэ» тхылъ гупыр.

Бзэм и лэжьакIуэхэр зыщыгуфIыкI Iуэхугъуэхэм ящыщщ урысыбзэм и хабзэхэр щыгъэбыда псалъалъэ 12-м елэжьыныр и кIэм зэрынэсар. Абыхэм ящыщу 9-р УФ-м и Правительствэм и арэзыныгъэ хэлъу къащтакIэщ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, орфографие, орфоэпие, хамэ къэралыбзэхэм къыхэкIахэм, псалъэгъэнахуэ, антонимхэр, паронимхэр, синонимхэр, псалъэ гъэкIэщIагъэхэр, щIыпIэцIэхэр зыубзыху псалъалъэхэр. Дызэрыт 2026 гъэм и кIэухым хьэзыр хъунущ аббревиатурэхэм, омонимхэм, фразеологизмхэм я псалъалъэхэр. Ахэр, шэч хэмылъу, еджэнымкIэ сэбэпышхуэ яхуэхъунущ школакIуэхэм, студентхэм, я лэжьыгъэкIэ иригъуэзэнущ къэрал къулыкъущIэхэр, журналистхэр, юристхэр, редакторхэр – урысыбзэр гъащIэм, зыпэрыт IэнатIэм къыщызыгъэсэбэп псори.

Къэрал куэдым зэрыщызекIуэр и лъабжьэу, а бзэ лъэщым гулъытэ хэха щигъуэтащ дунейпсо утыкуми. СНГ-м хэт къэралхэм я зэхуэсу илъэситI ипэкIэ Бишкек щекIуэкIам къыщащтащ УрысыбзэмкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэ къызэрызэрагъэпэщам теухуа унафэ. Урысей Федерацэм, Белоруссием, Азербайджаным, Къэзахъстаным, Таджикистаным, Узбекистаным, Тыркумэным я къэрал унафэщIхэм зэдэарэзыуэ къащтащ а Iуэхур. Абы хэтхэм зэрыжаIамкIэ, а зэгухьэныгъэм и мурад нэхъыщхьэхэр епхащ а бзэ лъэщым адэкIи зегъэужьыным, ар я тегъэщIапIэу щэнхабзэмкIэ, литературэмкIэ, тхыдэмкIэ щыIэ щIэныгъэхэр щызэхуэхьэса дунейпсо электрон хъумапIэхэм илъ хъыбархэр псоми зэхуэдэу къагъэсэбэпыфыным. Нобэ зэгухьэныгъэр толажьэ урысыбзэм и пщIэр СНГ-м хыхьэ къэралхэм нэхъри къыщыIэтыным, щыгъэбыдэным. ЗэгухьэныгъэщIэм и къалэнхэм хыхьэу, СНГ-м щыщ къэралхэм щылажьэ егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, щIэныгъэ, жылагъуэ IэнатIэхэр я Iуэху бгъэдыхьэкIэкIэ зэпащIэ, абыхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр ягъэбыдэ, къэралхэм къыщыдэкI лъэпкъ литературэ тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэрадзэкI, урысыбзэкIэ къыдэкIхэр нэгъуэщIыбзэхэм кърагъэтIасэ. Урысыбзэм теухуа апхуэдэ унафэ къыщащтэм, абыхэм къалъытащ иджырей лъэхъэнэм а бзэм иIэ мыхьэнэри, бгъэдэлъ зэфIэкIри, дунейм щигъэзащIэ къалэнхэри. Пэжу, иджыблагъэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, урысыбзэр дуней псом щыеянэщ а унэтIыныгъэмкIэ, инджылызыбзэм, китаибзэм, хинди бзэм, испаныбзэм, франджыбзэм, хьэрыпыбзэм, бенгалыбзэм къакIэлъыкIуэу. Ар зи анэдэлъхубзэу къэзылъытэхэм уахэплъэмэ, абы дуней псом еблaнэ увыпIэр щиIыгъщ.

Нобэ урысыбзэр дэнэкIи къыщалъытэ «щIэныгъэм и бзэу», ар ирахъумэу. НэхъыфIу зыщызыужьахэм халъытэу, дуней псом тхылърэ лэжьыгъэу къыщыдэкIхэр нэхъыбэ дыдэу зэрызэрадзэкI бзэхэми я деж еблaнэ увыпIэр къыщылъысащ урысыбзэм. АбыкIэ ятха тхылъхэр хамэбзэхэм зэрырагъэзагъэм уеплъмэ, урысыбзэм 4-нэ увыпIэр иIыгъщ. Интернетыр къапщтэмэ, абы щыпэрытхэми халъытащ ар. Иджырей лъэхъэнэм ар апхуэдэ дыдэу щызокIуэ ди къэралышхуэм хыхьэу щыта щIыналъэхэм, языныкъуэхэм абы и пщIэр щагъэлъэхъшами. А къэралхэм я лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэм гулъытэ нэхъ щагъуэтми, урысыбзэращ абыхэм щыпсэухэм ящыщ куэд ноби зэрызэпсалъэр, зэрызэгурыIуэр. ЦIыхухэм иджыри ящыгъупщакъым, зи щэнхабзэхэмкIи анэдэлъхубзэхэмкIи зырызми, зэгурыIуэр зи зэхуаку дэлъ лъэпкъыбэу зэхэса Совет Союзышхуэм щыщыIа псэукIэр, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ зи лъабжьэу щытар.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, абы щыпсэу лъэпкъхэр зэрызэпсалъэр урысыбзэщ. Ар къэралыбзэу ди деж къыщалъытэ, адыгэбзэм, балъкъэрыбзэм хуэдэу. АтIэми, урысыбзэр ноби къонэж лъэпкъхэр зэрызэгурыIуэ Iэмал нэхъыщхьэу. УсакIуэ щэджащэ Пушкин Александр и бзэм къару мыкIуэщI зэрыбгъэдэлъыр къегъэлъагъуэ абы и лъабжьэ быдэм, дуней псом щиIэ пщIэ лъагэм, абы зегъэужьыным хуэгъэпса лэжьыгъэшхуэ къэралым дапщэщи зэрыщекIуэкIым.

Зреужь, ирефIакIуэ, къэралым и лъапIэныгъэ нэхъ инхэм халъытэ урысыбзэм. Абы къыкIэрымыхуу, ар я щапхъэу зрауэщI ди Хэку уардэм ис лъэпкъ псоми я анэдэлъхубзэхэм, щэнхабзэхэм.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

*«Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэд лъандэрэ и ныбжьэгъуфIу къокIуэкI Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм щыщ Къардэн Мухьэмэд. Абы и къалэмыпэм къыпыкI тхыгъэхэр ди газетеджэхэм гунэс ящохъу. Мухьэмэд къытхуигъэхьа мы гушыIэри хьэлэмэтщ. IутIыж Борис зэрыжиIауэ, «ГушыIэм кърѣдз ди гъуэгуанэм пкIэлъей, Ауаным епхъэнкI, егъэкъабзэ дунейр». Iуэтэжым зригъэгупсысыжынкIэ хъунщ «фо щызэрахьэкIэ зи Iэпэ ебзейхэр».*

# КъызыхэкIам хыхьэжащ

## (ГушыIэ Iуэтэж)

Советыдзэм къулыкъу щысщIэри сыкъэкIуэжауэ, пощт лэжьакIуэу щыIэр шыбгъэм къислъхьарэ иджыри сытемыужауэ сыбампIэу унэм сыщIэст, си ныбжьэгъу Хьэжкъасым ди деж къыщыкIуам. КъизмылъхьапIэр иIэт, сызэрыцIыкIу лъандэрэ сызыщIэхъуэпс журналист IэщIагъэм сыхуеджэну Мэзкуу дэт МКъУ-м езгъэхьа си дэфтэрхэр ягъэгувэу, экзаменым сыкъыщыкIэрагъэхуакIэ. Ар шэуэ къыстехуат: жейм сезэгъыжыртэкъым, махуэ псом сыгупсысэу унэм сыщIэст, си напIэр зытеслъхьамэ, еджапIэр си нэгум щIэкIыртэкъым, нэхъ Iеижыр арати, унагъуэм сахэзэгъэжыртэкъым.

Си Iуэхур си ныбжьэгъум щыхуэсIуатэм, си гур фIы къысхуищI и гугъэу жиIащ:

- Сэ сыщеджэ КъБКъУ-м хэт мэкъумэш факультетым ветеринариемкIэ и къудамэм зумыIэжьэу егъэхь уи дэфтэрхэр. Къэдухмэ, зэгъусэу дылэжьэнщ.

- Уэлэхьи къэбгъуэтам иджы сызыхуеджэн IэщIагъэ емынэ, спасибэшхуэ бжызоIэ. Абы фIэкIа бгъуэтакъэ къысхуэбгъэфэщэн? – жызоIэ си ныбжьэгъуу къуэшым хуэдэу слъагъум.

- Си фIэщу сыпхуэупсэу бжызоIэ. А уи журналистикэмкIэ къэпхьын щыIэкъым, - жеIэри аргуэру пещэ: «Уи нэр къызэтехи дэплъэ мы къуажэм. Еплъ ди колхозым щылажьэ Iэщ дохутыр Хьэсаншрэ ХьэтIутIрэ я псэукIэм. Абыхэм нэхъ «уей-уей» жезыгъэIэ ди къуажэм дэскъым: фомрэ тхъумрэ хэсщ, я машинэхэр зэпэщщ, я унэхэр зэтетщ. УщIэхуэмэ, уи кIэныр къикIауэ аращ. Утхэну Iеищэу ухуеймэ, Iэщ дохутыр IэщIагъэр уиIэуи хъунущ утхэ, зыр адрейм зэран хуэхъунукъым».

Хьэжкъасым сызригъэдэIуахэр къиздзащэу, «хъунщ, сегупсысынщ» жысIэу, зыщхьэщызгъэкIами, нэху щыхукIэ сыжеякъым, а гупсысэхэм сыхэту. Сыт сымыщIэми, си нэгу къысхущIэгъэхьэртэкъым Iэщ дохутыр сыхъуауэ Iэщхэр, къуалэбзухэр, хьэхэр, джэдухэр згъэхъужу. Апхуэдэу щыт пэтми, Хьэжкъасым жиIахэм пэж гуэрхэр хэслъэгъуати, мурад сщIащ абы зэрыжиIам хуэдэу сщIыну.

Гугъу сызэрехь щымыIэу экзаменхэр стыри сыщIэтIысхьащ си гур здэмыкIуащэу си ныбжьэгъум къысхуигъэлъэгъуам. НэхъыфIхэм сыхалъытэуи седжащ. Адрейхэм хуэдэу мафIэгур зыунэщIхэм, жэщ плъыру сылажьэу гугъу сехьакъым, адэанэм я пщэдыкъ сыдэсакъым. Зы статья гъумыщIэ газетым стхамэ, абы къыпэкIуэу къысхуагъэхь гонорарым, къыщыздэхуэ щыIэу, тхьэмахуэм срикъурт.

Практикэ сыздагъэкIуам зи бзэр мыпсалъэ псэущхьэхэм си гур хуэм-хуэмурэ якIэрыпщIэу щIидзащ. Сытым хуэдэу сыгуфIэрэт, ахэр згъэхъужауэ щыслъагъукIэ. Арати, «ныбгъуэр хьэм хэсми, хумкIэ и гур щыIэщ», жыхуиIэм хуэдэу, журналистикэмкIэ си гур щыIэу, Iэщ дохутыр IэщIагъэр сиIэу сыкъыщIидзащ. КъинэмыщIауэ, райсполкомым щылажьэ, си классэгъуу щыта Хьэрэбий и фIыгъэкIэ, сымыгугъэххэу, Iэщ дохутыр нэхъыщхьэу сагъэкIуащ ди районым нэхъ ин дыдэу щыIэ «Коммунизмым и нэху» колхозым. Мэл фермитху иIэт абыи, минрэ щитхурэ зытемыт яхэттэкъым. Адрей Iэщышхуэхэм, джэдкъазхэм зэкIэ я гугъу сщIынкъым.

Сшхын, сщIэн згъуэтырти, зыкъомрэ зыри къиздзакъым, лэжьыгъэм си Iуэхур нэхъ етат, нэхъыщхьэхэм сыкъалъытэрт. ИужькIэ хуэмурэ «фо зезыхьэр и Iэпэм йобзей» жыхуаIэм сыхуэкIуащ. Нэхъ сыкIуэрей хъуащ, мэл минитIым щIигъу зытет, Хьэмидбий лэгъупэжьу здэщыIэ пщыIэм. Абы и гум нэхъ сыдыхьат, дзыхь къысхуищIырт, сэри хуэсщIыжырт, куэдрэ и отчетыр хуэсщIырт, сызыхуей мащIэр щызгъуэтырт. Япэ зизгъэщу жысIэнщи, Хьэмидбий лэгъупэжь щхьэкIэ, пщафIэ Жансурэтт властыр зыIэщIэлъыр.

Арати, зы махуэ гуэрым Iэрмэм къыздэщыIа си ныбжьэгъу хьэщIэу къысхуэкIуат. ЕкIурэ ещхьу гъэхьэщIэн хуейтэкъэ, илъэс куэд щIауэ сымылъэгъуам гупыж ищIу сыкъилъагъуну къыщысхуэкIуэкIэ. Ар зы джэдыжь цIыкIу хуэбукIкIэ зыфIэкIынутэкъыми мурад сщIащ зы щынэ дэгъуэкIэ згъэхьэщIэну.

ЗызмыIэжьэу Хьэмидбий и пщыIэр зэдэщыIэ «Арыкъ куэбжэ» щIыпIэмкIэ сисчащ, си псалъэр тIу ямыщIу хэт тесми, Iуэхур зэрызэфIэкIынум шэч къытезмыхьэу. Сынэсмэ, пщыIэм зыри тестэкъым. Мэлхэр пэмыжыжьэу зэрыщагъэхъуакIуэр сщIэрти, псынщIэу абыкIэ сыкIуащ. Мэлхэр зыгъэхъуу бгъэдэтыр Жансурэтт: мэлыхъуэхэр Iуэху яIэу унэм щыкIуэжкIэ, пщафIэм хъушэр къыхуагъанэрт, унафэщIхэм зыри хэдмыщIыкIыу.

- Мыр сыт, Жансурэт, мэлыхъуэ уащIыжауэ ара? - жызоIэ, си Iуэхур нэхъ къикIын щхьэкIэ, сыдэгушыIэу, зызгъэунафэщIу. - Уэлэхьи сэ ар Хьэмидбий хуэзмыдэн. Хьэдэгъуэдахэкъэ, Iэгъу ар, щхьэлъащIэм апхуэдэ иращIэрэ? Ар икIэщIыпIэкIэ зыхэзгъэкIыну си пщэ дызолъхьэж, умыгузавэ. Фэ мы зэманым дауэ щыт фи Iуэху, хэщI фиIэ?

- Псори хъарзынэщ, долажьэ, дошхэж, - жиIащ пщафIэм, мэл хъушэм иужь диту дыздэкIуэм.

- Ари зыгуэр хъунщ, Жансурэт, мыдэ хьэщIэ къысхуэкIуащи, зы щынэ нэхъыфIыIуэ симыIэу хъунукъым, Хьэмидбий жесIауэ ещIэ, - жысIэри пцIы хуэзупсащ.

- Уи щхьэр къэгъэпцIэж абыкIэ, абы жепIауэ щытамэ, зыгуэр къуитынут, - жиIэри зэуэзэпсэу си пцIыр къыщIигъэщащ, си псалъэ дахэхэри хэкIуэдауэ.

Абы «зыгуэр къуитынут» жыхуиIэр къызгурымыIуауэ, пцIы супсар къызэрыщIэщами сриукIытэжауэ соупщI:

- Сыт къызитынур?

- Хуэзи къэпщIэнщ, арыншауэ...

Сыт сщIэнт, пщафIэм сыщыхэмызагъэм сыкъыIужыжри, Хьэмидбийхэ я унэ сыкIуащ. Си Iуэхур зытетыр щыжесIэм, «хьэуэ» лъэпкъ Iуэхум къыхимыгъэкIыу и жыпым жаныжь гуэр кърихри къызитащ:

- Мыр пщафIэм егъэлъагъуи къуитынщ. Жаныр зыми Iэрумыгъэхьэ, дыщызэхуэзэ къызэптыжынщ.

Арати, фермэм тезгъэзэжащ, жаныжьыр згъэдалъэу. ПщафIэм зы псалъэ къыхимыгъэкIыу хэплъыхьауэ щынэ дэгъуэ къызитащ. Си Iуэхур хъарзынэу зыфIэкIащ. «Мыр занщIэу езмытыжу тIэкIурэ щхьэ къэзгъэсэбэп мыхъурэ?» - си гум къэкIащ. Арати, адэ-модэ жысIэурэ, зэман хъарзынэ дэкIащ Хьэмидбий сыхуэмызэурэ.

- Уэлэхьи сыздэкIуэнур сымыщIэ, зы хущхъуэ къыдэпхынумэ, зыгуэр яхуумыщIэу узыбгъэдагъэхьэнукъым, абы ищIыIужкIэ унафэщIхэри зыгуэр хуейщ, - жысIэурэ тхьэмахуэ щIагъуэ дэмыкIыуэрэ жаныжьыр «согъэлажьэ».

Апхуэдэурэ сэжьым и сэбэпкIэ, зэманкIэрэ мэлыр ди деж сшэурэ си Iуэм имыхуэж хъуащ. «Хъунщ иджы, си Iыхьэ къыхэкIащ», - жысIа щхьэкIэ, схуэшэчынт, срихьэжьащ, къысIурыIэфIауэ. МылъкукIэ ирикъуа щыIэ? Малъхъэдисым хуэдэу узыIэпешэ абы. Аргуэру Iуэшхуэ сощIри, пызощэж си «лэжьыгъэм». Ауэ, Iуэхур аракъэ, Хьэмидбий къызита жаныжьыр, уэхбзэх хъуащ. «Зыгуэр хъунщ ар», - жызоIэри, махуэ гуэрым сокIуэ пщыIэм мэлышэ. Аргуэру Хьэмидбий щымыIэу къыщIэкIащ.

- Хьэмидбий къуитауэ зыгуэр умыIыгъмэ, гъази кIуэж, Алыхь лъэхъуэмбыщIэ уэзмытыну, - жиIэу къыспежьащ Жансурэт. Абы иужькIэ сыт жысIэжынт. Мэлхэм сахэплъэщ, я щытыкIэр зэзгъащIэри, пщыIэм сыкъытежыжащ, лэгъупэжьыр къэслъыхъуэну.

- Уэлэхьи, Хьэмидбий, мы уи пщафIэм сыхэмызагъэ. Дымыгъуэту зэпэубыда хущхъуэ гуэр «Зооветснаб»-м къашауэ къыдэсхынути, нэ дахагъкIэ мы зэманым зыми зыри къызэрыпхуимыщIэнум уэри фIыуэ ущыгъуазэщ, - жызоIэ, ар унэм дэсу къызогъуэтри. – А хущхъуэр езыр уэ уи мэлхэр арат зыхэслъхьэнур. ЗгъэкIуэда уи жаным и пIэкIэ зы жан дэгъуэ къыпхуэсщэхужынути, сигу къэмыкIыжурэ йокIуэкI...

- Уэлэхьи сымыщIэ пхуэсщIэнур, сэ фIэкIыпIэ зимыIэ IуэхукIэ Налшык иджыпсту сыкIуэну зызогъэхьэзыр, - жеIэ Хьэмидий. ИтIани, мэгузавэ, и жыпэм ипэщэщыхьурэ зы бэлътокушхуэжь кърехри ар пщафIэм естыну къызжеIэ.

Бэлътокур сымыгъэкIуэдыну тхьэ щызоIуэжри, си мурадым иужь сохьэж, «мыбыикI «сэжьым» къысхуилэжьам хуэдиз къысхуищIэхукIэ упыкIащ» псалъэхэр си щхьэм щыджэрэзу. Ар зэзгъэлъэгъуа Жансурэт «Iым» жиIакъым. Бэлътокур сIихыну хэта щхьэкIэ, дэнэт ар. «Нобэ фIэмыкIыу езым Iэрызгъэхьэжын хуейуэ жиIащи», - жызоIэри, пщафIэр зыщхьэщызогъэкI. Аргуэрыжьти, щхьэусыгъуэ зырыз сщIыуэрэ, си мэлхэм япэрейм хуэдиз аргуэру къахэзгъэхъуащ. Ауэрэ согупсыс: «Сыт гугъу зыщIезгъэхьыр, си мэлхэм сакIэрыщIауэ? Сшэнщ Хьэмидбий и фермэми, абы тет мэл гуартэм хэзгъэтынщ сыхуеихукIэ, гугъу сыдемыхьу.

- Мэл тIэкIу къэсщэхуащи, баш лей дэпщтэнукъым, уи хъушэм схухэгъэт, - зыхуэзгъэзащ Хьэмидий зы махуэ гуэрым.

Арэзы хъуащ лэгъупэжьыр, псалъэ къыхимыгъэкIыу. Мэлхэр жэщу рефрижератор машинэшхуэкIэ фермэм сшэри, колхоз гуартэм хэзутIыпщхьащ. «Алъандэм апхуэдэу щхьэ сымыщIарэ, си щхьэ мыузым боз езмышэкIыжу?» – жысIэурэ унэм сыкъэкIуэжащ, хуабжьу сызыхуэарэзыжу.

Мэлхэм хущхъуэ яхэслъхьэну фермэм зэгуэрым сыкIуауэ, Хьэмидбий лъэныкъуэкIэ сыIуешри къызжеIэ:

- Сэ къызэхьэлъэкIыркъым, ауэ уи мэлхэр куэдыIуэ хъуащи, шэжи щэ, пщIэркъым къэхъунур.

- Сыт къэхъун уи гугъэр. УкъэмыскIэ, сэращ зоотехник нэхъыщхьэри, сытри сщIэфынущ, - жызоIэ, лэгъупэжьым жиIам мыхьэнэшхуэ езмыту.

Зэман хъарзынэ дэкIауэ мурад сощI мэлхэр псори изгъэсыкIыну. Абы и хъыбарыр зи тхьэкIумэм ицырхъа си щхьэгъусэм мэлхэр тщэмэ, къэтщэхунухэр еубзыху. Абы сеплъмэ, шубэр япэ иту кърибжэкI хьэпшып лъапсейхэр тетрадь напэм зэригъахуэ къудейщ, сысейуэ зы хэмыту. «Эх, куэд лъандэрэ сызэхъуапсэ машинэ псынщIэ екIум сыпыкIауэ ара?» - си щхьэр согъэкIэрахъуэ. АтIэми, фызым жиIэр думыIыгъмэ, къикIыр куэдым ящIэ...

Ерэхъурэ хъункIэ мэлхэр иджыри заулкIэ фермэм тезгъэтыжащ. ИужькIэ лы комбинатым щылажьэ си ныбжьэгъу Аслъэнджэрий уасэфIкIэ сыгурыIуэри, нэхущым пщыIэм сежьащ, рефрижераторищ зыщIызгъури. Нэхъ мащIэм ихуэнутэкъым: зы хъушэфI хъунт жаныжьымрэ бэлътокужьымрэ «къысхуалэжьар».

- Еуэ, уи лэжьакIуэхэр зыщIыгъуи къыздэIэпыкъу, - унафэ хузощI къызбгъэдыхьа лэгъупэжьым.

- БжесIатэкъэ, бжесIа мыгъуэтэкъэ, шэж уи мэлхэр зыгуэр къэмыхъу щIыкIэ, - жеIэ лэгъупэжьым, зымащIэкIэ щыму щыта нэужь.

- Сыт къэхъуар? Мэзхэм хьэкIэкхъуэкIэу щIэсыр къыптеуэу хьэлэч зэтращIауэ ара? - жызоIэ, зэхэсхар гушыIэм хуэсхьарэ къизмыдзэу.

- Арамэ, зыгуэрт. Районым къикIри, цIыхуитху хъууэ гуп къэкIуащ дыгъуасэ, ди мэл бжыгъэр къапщытэну, лэжьыгъэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну. Iэщхэр псори ябжщ, тхьэбзэхэр иралъхьэри, щытхъу къытхужаIэу кIуэжащ. Хъушэм хэтхэр псори ябжати, сиIэн хуейм хуэдиз хъужауэ ращ. Ууейм и закъуэмэ, зыгуэрт, сысей тIэкIури дэкIуэри, колхозым ей хъуащ иджы, - къыспидзыжащ абы.

ЖиIэр си фIэщ зэрымыхъум гу лъитэри, Хьэмибдий IукIащ, псынщIэуи къигъэзэжащ, тхылъымпIэ гуэрхэр IэщIэлъу. Ахэр ревизорхэм ятха актхэрат...

Адыгэ цIыхухъу нэпсыр къызэщIищIауэ лъэныкъуэ зезгъэзыну сежьа щхьэкIэ, дэнэт, сызэрыхъуар сымыщIэу сызэфIэщахэри, нэкIукIэ щIым сытехуащ. ЗыкъыщысщIэжам сымаджэщым сыщIэлът, си щхьэгъусэр пыхьэу къысщхьэщыту. КъэхъуамкIэ къыщызэупщIым, сыхъыжьпIыжьми, ерагъыу къыдызошейри фызым жызоIэ: «Къэхъуа щыIэкъым, мэлхэр къызыхэкIам хыхьэжащ».

Iуэхур зытетыр къищIэу шубэм зэрыпыкIар къызыгурыIуа щхьэгъусэм си ужьыр ихуащ. НэхъыфI хъужащ иджыпсту, атIэми мэл гугъу зэрызэхихыу къыкъ мэхъури, мэл щхьэзэм хуэдэу къытохуэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**КЪАРДЭН Маритэщ**.

# Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 6,**
*щэбэт*

♦**Урысыбзэм и махуэщ**

♦**1939 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, егъэджакIуэ, СССР-м егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэ нэхъыфI **Апажэ Ахьмэд**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ физико-матемитикэ щIэныгъэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-м метеорологиемкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалэ Хьэжбарэ**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Абыдэ Мусэ**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ и къудамэм и редактору щыта **КIэрэф Хьэсэнбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 7,**
*тхьэмахуэ*

♦**Ерыскъыпхъэхэр шынагъуэншэу щытыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1946 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, драматург, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **Хъурмэ Хъусен**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм къахэкIа, Тыркум щыщ тхакIуэ, Нобель и саугъэтым литературэмкIэ и лауреат 2006 гъэм хъуа **Памукъ Орхьан**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Тэтэр Анатолэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 8,**
*блыщхьэ*

♦**Хыхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Социальнэ лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**1946 гъэм** Журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1966 гъэм** СССР-м къыщызэрагъэпэщащ Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэр хъумэным хуэгъэпса зэгухьэныгъэр.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь и журналист, Урысей артиадэм и лауреат **МахуэлI Хъаджэт**.

♦**1982 гъэм** къалъхуащ Эверест къуршым тIэунейрэ дэкIа адыгэ бзылъхугъэ, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэз Каринэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

**Къытхэхъуащ**

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 34-рэ: 16-р хъыджэбз цIыкIущ, 18-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 23-рэ: 10-р хъыджэбз цIыкIущ, 13-р щIалэщ.

*Мэкъуауэгъуэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабии 123-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 3796-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Дэрбзэрым ущытхъумэ, бзыхьэхуэм джанэ къыпхухех.**




● Шхыныгъуэхэр

### Жэгундэ плъыжь

Жэгундэ плъыжьым цIыхум и Iэпкълъэпкъыр зыхуэныкъуэ куэд хэлъщ. Ар зэрыцIынэуи, гъэвауи яшх. Жэгундэ плъыжьым и псыр къыщIакъузыкIри ираф. Ар сэбэпышхуэ яхуохъу зи жьэжьей, шхалъэ, тхьэмщIыгъу узхэм. КIэтIийхэри егъэкъабзэ.

### Жэгундэ плъыжь гъэва

Жэгундэм и тхьэмпэр паупщI, езыр ятхьэщI, псывэм халъхьэри, шыуаныщхьэр тепIауэ мафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ. Зыхэвыхьа псыр иракIут, езы жэгундэр тIэкIу ягъэдийри яукъэбз. Жэгундэ дия укъэбзар бзыгъэ цIыкIуу яупщIатэри яшх.

***Халъхьэхэр:*** жэгундэ плъыжь мыукъэбзауэ грамм 400, зэрагъэвэн псыуэ грамм 1500-рэ.

### Жэгундэ плъыжь зэхэупщIэта

Жэгундэ гъэвар IупщIэ цIыкIуурэ яупщIатэри, пIинэ къищIу тепщэчым иралъхьэ. ШатэкIэ зэхэщIа бжьыныху уба абы тракIэ. Ягъэдийри яшх. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.



***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** жэгундэ плъыжь гъэвауэ грамм 200, шатэу грамм 50, бжьыныхуу грамми 5, шыгъуу узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Фэ фщIэрэ?

# Сократ и псэлъафэхэр

Зыгуэрым Сократ зыхуигъэзат щхьэгъусэ къимышэным теухуауэ ечэнджэщыну. Сократ жиIащ:

- Узыхуей дыдэр щIэ, тIум щыгъуэми ущIегъуэжынущ.

* * *

Сократ жиIэу щытащ езыр псэун щхьэкIэ шхэуэ, адрейхэр щIэпсэур шхэн щхьэкIэу.

* * *

Сократ и хьэкум ящIэну щыщIашэм, и зы ныбжьэгъу къеупщIащ: «Мы Iуэхум уи щхьэр къыхэпхын папщIэ жыпIэнухэр бгъэхьэзыра?».

Сократ жиIащ: «Си гъащIэ псор зытеухуауэ щытар аракъэ?».

* * *

Сократ Тхьэм зыщыхуигъазэм и деж фIы къыхуищIэну елъэIуати, зэфIигъэкIт: а фIым хыхьэхэр Тхьэм нэхъыфIу ещIэ, жыхуиIэу.

* * *

Философыр фIыуэ зылъагъу, псэ хьэлэлкIэ бгъэдэт и ныбжьэгъу Аполлодор Сократ жриIащ: «Хуабжьу гуауэ сщохъу къыумылэжьауэ щхьэпылъэ уащIыну унафэ къызэращтар».

Сократ абы и щхьэфэм Iэ дилъэри: «Къэзлэжьауэ щхьэпылъэ сащIу щытамэ, нэхъ тыншу бгъэвынут?» - жиIэу.

* * *

Хуэкъулейсызу псэу Сократ бэзэрым кIуэцIрыкIт: «Сыту хьэпшып куэдыщэ щыIэ, ахэр уимыIэми упсэуфыну!».

* * *

*«Быдэу сщIэр – зыри зэрызмыщIэрщ!» - жиIащ Сократ.*

*Сократ (ди эрэм и пэкIэ 469-399 гъ.гъ.) Алыдж философ цIэрыIуэщ. Абы и цIэр зыгъэIуар философием щIэуэ хилъхьарщ – дунеймрэ щIыуэпсымрэ джыным къыпыкIри, цIыхум и хьэлщэным и щыIэкIэ-псэукIэмрэ зэгъэщIэным иужь ихьащ.*

*Сократ и адэ Софроникс скульпторт, и анэ Фенарет фызгъалъхуэт. И анэ къилъхуауэ зы къуэш иIащ философым – Патрокл.*

*Сократ афиннхэм я жылагъуэ Iуэхухэм хуэжыджэру щытащ, ар хэтащ Пелопоннесс зауэми. Афинн политик, дзэзешэ хахуэ Алкивиадэ и егъэджакIуэу, и ныбжьэгъу нэхъыжьу щытащ ар. Сократ и гупсысэхэр, и псэлъафэхэр ди деж къэзыхьэсар и гъэсэнхэу Платонрэ Ксенофонтрэ я лэжьыгъэхэрщ, мащIэ дыдэу къыхощ Платон и гъэсэн Аристотель и IэдакъэщIэкIхэми.*

● Псалъэ пэжхэр

# ФIы зыщIэ упщIэжрэ?

♦Уи шым ижынур пщIэжын хуейщ.

♦ФIы зыщIэ упщIэжрэ?

♦ЩыжаIэм щыпаупщIыркъым.

♦ФIыр умыщIэмэ, нэхъ лъапIэр къыхэх.

♦Хабзэ лъэIукъыми, Iумахуэ Iуэхутхьэбзэкъым.

♦ЩыкIыр икIэ мэхъу.

♦Хьыгъуэм гуащэщ, къэхьыжыгъуэм псэжьщ.

♦Къантешэ нэхърэ къаншэж.

♦Зи щхьэ уи унэ исым и псэ уи унэ илъщ.

♦Шхэгъуэм дыгъужьщ, лэжьэгъуэм жьындущ.

♦Къуэр напщIэщ, пхъур набдзэщ.

♦Уэзрымылъагъуу Iэфl щыIэкъым.

♦ХьэщIэр куэдрэ щысмэ, бысымыр йозэш.

♦Къуэш лей щыIэкъым.

♦Ныбжьэгъур уи нэгу къыщIоплъэ, жагъуэгъур уи лъакъуэ йоплъыx.

♦Уи анэ и Iэ илъым еплъи, уэ уи Iэ илъым едзакъэ.

♦ХьэщIэ къакIуэмэ, хэгъэрейр мэгуфIэ.

♦Ямылъэгъуа бланэ къаукIыркъым.

♦Бажэр ущу ежьэмэ, мэщакIуэ.

♦Бжьэхуцым мафIэ пхухэгъэпщкIуэнкъым.



● ГушыIэхэр

### Щыуагъэр езгъэлъагъунущ

ЕгъэджакIуэм:

- Пщэдей уи адэшхуэр къыздэшэ?
- Си адэра хъунщ узыхуейр, - жи еджакIуэм.
- Хьэуэ уи адэшхуэращ.
- Сыт си адэшхуэр зэрыпщIынур?
- Уи адэм уи унэ лэжьыгъэхэм хищIыхь щыуагъэхэр езгъэлъагъунущ.

### Стипендие къихьынукъым

Экзаменыр здекIуэкIым, егъэджакIуэр студентым йоупщI:

- Экзаменыр зищIысым ущыгъуазэ уэ, щIалэ?
- Ар зы предметым теухуауэ цIыху губзыгъитI щызэпсалъэращ, - жи студентым.
- Пэжщ, ауэ а тIум языр акъылыншэмэ-щэ? – щIоупщIэ профессорыр.
- Абы щыгъуэм етIуанэм стипендие къихьынукъым.

# Псалъэзэблэдз

**ЕкIуэкIыу**: **1**. Гъэузи ... **3**. ХьэкIэкхъуэкIэ, къаплъэным нэхърэ нэхъ цIыкIу джэдуушхуэ. **7**. Зигу фIы къыпхуимылъ, фIы къохъулIэмэ зыфIэмыфI цIыху. **8**. Пасэрей Iэщэ зэрыпыджэ. **9**. Псэм фIэIэфIыр ... фIэдахэщ. **11**. ЦIыху зыпI цIыху уасэ ... **16**. Пасэрей зауэлI джанэ. **17**. Тонн зыбжанэ къэзышэч псэущхьэшхуэ. **18**. АбыкIэ нэщанэ еуэу щыIэщ спорт лIэужьыгъуэ. **20**. Адыгэш къабзэ. **21**. ТхылъымпIэм итыр зэрыпэжым щыхьэт техъуэ дамыгъэ.

***Къехыу:*** **1**. Гъыринэ. **2**. Къэп цIыкIу. **4**. ЗэрышагъащIэхэм я пэш. **5**. 19-нэ лIэщIыгъуэм псэуа щIэныгъэлI цIэрыIуэ. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык къалэкум хуэзэ уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зым. **6**. Къуэш ... нэхърэ ныбжьэгъуфI. **10**. Уи щхьэ мыузым ... йомышэкI. **12**. ПIэипхъуэ. **13**. Iуащхьэмахуэ и щыгум япэ дыдэу дэкIа ...Чылар. **14**. Совет зэманым зекIуэу щыта ахъшэ жыгъей. **15**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым илъэс 40-м щIигъукIэ щылэжьа. **19**. Танэ мэжэлIам и ... макъ Iуэм къиIукIащ.

*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътIанщ.**



**Накъыгъэм и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Нэхърэ. **6**. Ахъшэр. **7**. УиIэщ. **9**. ЩIэщIа. **10**. ХьэщIэ. **11**. Си. **12**. Дэ. **13**. Делэ. **15**. КIыхьщ. **17**. Удэмэ. **20**. КъыфIощI. **21**. ФIамыщI.

***Къехыу:*** **1**. Хьэмрэ. **2**. Нэми. **3**. Лажьэ. **4**. ФэрыщI. **7**. Уасэу. **8**.ЩхьэкIэ. **14**. Еубыд. **16**. Хьэтыр. **18**. ДещIэ. **19**. МафIэ.

● ГъэщIэгъуэнщ

# Къумым уэс къыщесат

♦**Кхъухьлъатэм ущисым и деж уи щхьэцыр тIукIэ нэхъ псынщIэу къокI.**

♦**Уи нэр зэтехауэ укъепсыфынукъым.**

♦**«Чупа-чупс» кIэнфетым и логотипыр зыщIар Дали Сальвадорщ.**

♦**Лимоным фошыгъу нэхъыбэ хэлъщ щIымэракIуэм нэхърэ.**

♦**Сабийхэр гъатхэм нэхъ псынщIэу хохъуэ.**

♦**Джэдур и гъащIэм щыщу процент 70-м мэжей.**

♦**Аляскэм и бэракъыр зыщIар илъэс 13 зи ныбжь щIалэ цIыкIущ.**

♦**Инджылыз библиотекэхэм нэхъыбэ дыдэу къыщIадыгъукIыр «Гиннесс и рекордхэм я тхылъыр» аращ.**

♦**Сахарэ къумым 1979 гъэм мазаем и 18-м уэс къыщесауэ щытыгъащ.**

♦**Зы щхьэц налъэм хьэлъэ килограмми 3 иIыгъыфынущ.**

♦**Пшэхэр Ипщэ-КъуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ зэи ескъым.**



# Сурэттеххэм дагъэлъагъу дахагъэр

**«Свой стиль» зэгухьэныгъэм хэтхэм я къыкIэлъыкIуэ гъэлъэгъуэныгъэр Налшык къалэм, ХьэтIохъущокъуэм и хадэм ит розэхэм я хьэсэхэм деж къыщызэIуахащ. Абдеж щагъэлъэпIащ республикэм и сурэттеххэм я клубым и зэпеуэм щытекIуахэр.**

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, клубым хэтхэм я лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ гъэ къэси къызэрагъэпэщ. Абы ирагъэхьэлIащ сурэтыщIхэм жэуаплыныгъэ ин пылъу зызыхуагъэхьэзыра мы зэхыхьэ гуапэри. Зэпеуэм нэхъыфIу къыщалъытащ Къарей Дегис, Татьянинэ Иринэ, Тайсаев ДжэбрэIил сымэ я лэжьыгъэхэр.

«Свой стиль» клубыр къызэIузыха икIи абы и унафэщI Лукьяненкэ Иван къыщыпсалъэм къыхигъэщащ 2004 гъэ лъандэрэ я IуэхущIапIэр зэрылажьэр, къэпщытакIуэ гупым хэтхэм мы зэхьэзэхуэм къыхэжаныкIахэр щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмкIэ зэрагъэлъэпIар. Сурэттех IэщIагъэм дихьэххэм абы чэнджэщ яритащ интернетым и Iэмалхэр къагъэсэбэпу я щIэныгъэм хагъэхъуэну, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэфIэкI щеплъыжыну. IэщIагъэм и щэхухэм я гугъу щищIым, Лукьяненкэ Иван жиIащ сурэттех гъуазджэм дихьэхын, дахагъэр зыхащIэн, шыIэ яхэлъын зэрыхуейр.

- БгъэIэпхъуэ хъу мы ди гъэлъэгъуэныгъэм зы махуэм къриубыдэу цIыхушхуэ еплъащ, тхьэмахуитIым и кIуэцIкIэ музейм къекIуэлIахэм я бжыгъэм ебэкIыу. КъинэмыщIауэ, къалэдэсхэмрэ республикэм и хьэщIэхэмрэ даIущIэну, депсэлъэну Iэмал диIащ, - жеIэ Лукьяненкэ Иван. - Ди клубым хэтхэр къэралым и нэгъуэщI фотоклубхэми хэтщ, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм щытокIуэ, семинархэмрэ сурэттеххэм я зэхыхьэхэмрэ жыджэру зыкъыщагъэлъагъуэ. Гуапэщ ди лэжьыгъэхэм гулъытэ зэрыхуащIыр, дахагъэм щIэупщIэ зэриIэр. Мы IэщIагъэр къыхэзыхахэр зэпымыууэ лэжьэн хуейщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и дахагъэм псори драгъэхьэхыу. Сурэт техыным дихьэх щIалэгъуалэр утыку къихьэнымкIэ, ахэр щIыналъэм къыщацIыхунымкIэ клубыр дэIэпыкъуэгъу мэхъу. Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр къыщIызэдгъэпэщыр ди клубым сурэттех нэхъыбэ къыхэтшэн папщIэщ.

Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа лэжьыгъэхэр зытеухуа и лъэныкъуэкIэ куэду зэщхьэщыкIырт, натюрмотртхэр, гъэм и зэманхэм я теплъэхэр, псом хуэмыдэу нэхъыбэм яфIэфI, дунейм и щIэрэщIэгъуэ гъатхэмрэ гъэмахуэмрэ къыщыгъэлъэгъуахэр, цIыху сурэтхэр, щIыуэпсыр, къалэхэр, тхыдэмрэ нобэрей гъащIэмрэ къызэщIаубыдэу. Мы сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэм жыг хадэ зыгъэпсэхупIэм ущеплъыну, дауи, куэдкIэ нэхъ щIэщыгъуэщ.

БгъэIэпхъуэ хъу гъэлъэгъуэныгъэхэр гъэм и сыт хуэдэ зэманми къалэ паркым къыщызэрагъэпэщыр, лэжьыгъэщIэхэм цIыхухэр хагъэгъуазэу. Фотоклубым хэтхэм я лэжьыгъэхэр зэрагъэлъагъуэм и фIыгъэкIэ куэдым къацIыхуащи, абы хыхьэну гупыж зыщIхэм я бжыгъэм къыхохъуэ, сурэтыщI гъуазджэм щIыналъэм зыщиужьынымкIэ сэбэп мэхъу. ЗэфIэкI зиIэ сурэттеххэм я IэдакъэщIэкIхэм щIэупщIэ яIэ зэрыхъуари наIуэщ. Клубым хэтхэм я сурэтхэр кIуэ пэтми нэхъыфI, нэхъ щIэщыгъуэ зэрыхъурщ абы и щхьэусыгъуэри. Гъэлъэгъуэныгъэм гъэ къэс къекIуалIэ цIыху нэфIэгуфIэхэм лэжьыгъэхэр ягу зэрыдыхьэм ахэр нэхъри трегъэгушхуэ. ЦIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэнщ ягу дыхьа сурэтхэр зэрытраха щIыкIэр, ахэр щытраха щIыпIэм узэрыкIуэ хъунур, нэгъуэщIхэри.

Мы Iуэху дахэм я гуапэу хэтащ сурэттех гъуазджэм дихьэххэр, Налшык къалэм и хьэщIэхэр, сурэттеххэм я благъэхэр, ныбжьэгъухэр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# ТекIуэныгъэр къыхуагъэфащэ

**КъБКъУ-м ПравэмкIэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ и институтым и «Юриспруденцэ» унэтIыныгъэм и 4-нэ курсым щеджэ Шыгъушэ ФатIимэ илъэс къэс екIуэкI ЩIэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ урысейпсо зэпеуэм и федеральнэ Iыхьэм текIуэныгъэ къыщихьащ.**



ЗЭХЬЭЗЭХУЭР Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм зэхишащ ЮстицэмкIэ урысейпсо къэрал университетым щIыгъуу. Хабзэ зэрыхъуам тету, абы я зэфIэкI щагъэлъагъуэ Урысейми хамэ къэралхэми щызэфIэува суд пристав IэнатIэм и къежьапIэм, зэрызиужьам, IэнатIэр иджырей мардэхэм тету зэрылажьэм теухуауэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкI ныбжьыщIэхэм. Зэхыхьэм илъэс куэдкIэ Урысейм и ФССП-м деж щыIэ Жылагъуэ советым и унафэщIу щыта Чичканов Валерий и цIэр зэрехьэ.

ЩIыналъэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм къыщыхаха лэжьыгъэ нэхъыфIхэр федеральнэ утыкум ирахьащ, къэпщытакIуэ гупым хэт IэщIагъэлIхэр хэплъэри, лэжьыгъэ нэхъыфIхэр ягъэбелджылащ.

Шыгъушэ ФатIимэ япэ увыпIэр къыщихьащ «Урысейм Суд приставхэм я институтым зэрызыщиужьам и тхыдэ» унэтIыныгъэм. Абы и къэхутэныгъэм (Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м суд актхэр щагъэзащIэ и органхэр зэрызэфIэувамрэ зэрызаужьамрэ (1922 - 1991 гъэхэм): совет лъэхъэнэм щыIа щIыналъэ щхьэхуэныгъэмрэ зэманым къигъэув къалэнхэмрэ) щIэныгъэрылажьэхэм пщIэшхуэ къыхуащIащ. Студентыр игъэхьэзыращ Уголовнэ хабзэмкIэ, процессымрэ криминалистикэмкIэ кафедрэм и доцент, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Хъарзынэ Виолетэ.

Къэхутэныгъэр теухуащ совет лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м суд унафэхэр залымыгъэкIэ зэрыщагъэзащIэ системэр къыщызэгъэпэщынымрэ зегъэужьынымрэ. Авторым зэпкърихащ союзпсо суд реформэмрэ щIыпIэхэм гъэзэщIакIуэ властыр зэрыщызэфIэувамрэ зэрызэпыщIар, щIыналъэ щхьэхуэныгъэми гулъытэ хэха хуищIащ. Лэжьыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ социально-экономикэ щытыкIэхэм, жылагъуэр лъэпкъ куэду зэрызэхэтым, республикэм и щэнхабзэ щхьэхуэныгъэхэм елъытауэ суд актхэр зэрагъэзащIэм хэлъа зэхъуэкIыныгъэхэр, лъэхъэнэм къигъэувхэмрэ ахэр къызэрызэранэкI Iэмалхэмрэ къэхута хъуащ.

**IЭРЫС Iэсият.**

# Миланэ аргуэру дегъэгуфIэ

**Олимпиадэм хыхьэ тхэквондо лIэужьыгъуэмкIэ (ВТФ) дунейпсо зэхьэзэхуэ «President Cup» фIэщыгъэр зэрихьэу щекIуэкIащ Германием и Нюрнберг къалэм и «КИА Метрополь» спорт комплексым. Абы щагъэджэгуащ Олимп джэгухэм къызэрыхах рейтинг баллхэр.**



УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыIащ дунейпсо классымкIэ спортым и мастер Бекъул Миланэ икIи, ди гуапэ зэрыхъущи, килограмм 46-рэ зи хьэлъагъхэм я деж етIуанэ увыпIэр къыщихьащ.

Нобэ ди спортсменхэр Германием икIри, Италием кIуащ. А къэралым и къалащхьэ Рим мы махуэхэм щызэхэтынущ «Grand Prix Poma» зэхьэзэхуэр. Абы щызэхуэзэнущ я хьэлъагъ елъытауэ тхэквондомкIэ дунейпсо рейтингым 32-нэ увыпIэхэм нэс щыт спортсменхэр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2028 гъэм и гъэмахуэ Олимпиадэр США-м и Лос-Анджелес къалэм щекIуэкIынущ. Догугъэ, а зэманым ирихьэлIэу, УФ-м и спортсменхэр зэпеуэ иным хагъэхьэжыну, ди адыгэ пщащэм и зэфIэкIыр нэсу абыхэм щигъэлъэгъуэну, дыщэ медали къыщихьыну.

Бекъул Миланэ дэлажьэр УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амирщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Зы дакъикъэщ тригъэкIуэдар

**Урысей Федерацэм иджырей пятиборьемкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ Киров къалэм щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 21-м я спортсмену 300-м щIигъу.**



КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщу зэхьэзэхуэм хэтащ Хьэкъул Тимур икIи илъэс 12 - 14 зи ныбжь спортсменхэм я деж домбеякъ медаль къыщихьащ.

Псы есынымкIэ метри 100 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр зэпычыным зы дакъикъэщ тригъэкIуэдар ди щIалэм. Къыщызэдэжэм зы километр зи кIыхьагъ гъуэгуанэр абы къызэринэкIащ дакъикъи 2-рэ секунд 51-м къриубыдэу.

Хьэкъул Тимур и тренерыр Зенин Игорщ.

**КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.**

# Фыдогъэблагъэ!

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.***

***«Б» дивизионым и Япэ гуп. ЕпщыкIузанэ джэгугъуэ***

**«Спартак-Налшык» - «Кызылташ» (Бахъчисарай)**

***Налшык. «Спартак» республикэ стадион. Мэкъуауэгъуэм и 6-м. Сыхьэт 16-м.***

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту яттхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.283 • Заказыр №1159

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А